

# *OUVÈTI LEKÒL*

## *2016-2017*



Lekòl Leta Miami-Dade County



Se Biwo Kominikasyon Lekòl Leta Miami-Dade County ki prepare  
Pake Ouvèti Lekòl 2016-2017 la.

Gid anyèl Distri a gen enfòmasyon pou paran ak elèv sou divès sijè, kòmanse sou metòd enskripsyon ak kou nou ofri, rive sou demand gradyasyon, òganizasyon eskolè ak konsèy pou ede paran patisipe nan edikasyon pitit yo.

# Table of Contents

Edikasyon Adilt, Teknoloji Aplike	Powgram Asistans Pou Sanzabri
Aplikasyon Mobil	Orè Lekòl
Prezans Elèv	Dat Enpòtan nan Ane Lekòl 2016-2017 La
Swen Anvan, Apre Lekòl	Estaj
Bay San	Kourikoulòm Lekti Redaksyon K-12
Edikasyon Karyè Ak Teknik	Kourikoulòm Matematik K-12
Lekòl Charter	Plan Syans K-12
Lekòl Chwa	Kourikoulòm Syans Sosyal K-12
Sant Enfòmasyon Pou Sitwayen	Pwogram Asistans Telefòn ‘Lifeline’ Nan
Kòd Konduit pou Elèv	Florid
Pwogram Asistans Pou Kolèj	Komisyón Konsèy Lekòl Miami-Dade County
Fwa Kolèj	Akademi Paran An
Lekòl Kominotè	Patisipasyon Paran
Pwogram Sèvis Konpreyansif Pou Elèv	Pwogram Radyo an Kreyòl
Patnè Dade Yo	Biwo Rejyon yo
Konvèjans Dijital	Sekirite Nan Lekòl
Kòd Abiman pou Elèv	Egzamen Estandadize
Anwolman Doub	Dosye Elèv ak Enfòmasyon Konfidansyèl
Sèvis Edikasyon Pou Timoun Anbazaj	Transpòtasyon Lekòl
Pwosedì Nan Ka Ijans	Kanpay “United Way”
Edikasyon Elèv Eksepsyonèl	Pwogram Volontè Lekòl
Pwogram Ekstansyon Lang Etranje	WLRN Radyo e Televizyon Piblik
Paj Detay	
Fwa ak Ekspozisyon	
Enskripsyon ann Otòn	
Florida Kidcare: Pwogram Asirans Pou	
Timoun	
Fondasyon Pou Nouvo Inisyativ nan	
Edikasyon	
Manje Gratis, Nan Pri Redui	
Demann Pou Gradyasyon	
Swen Sante/Vaksen	
Koneksyon Sante nan Lekòl nou yo	

## PWOGRAM EDIKASYON KARYÈ/TEKNIK POU ADILT

Lekòl Leta Miami-Dade County ofri plis pase 60 pwogram etid nan karyè teknik ak edikasyon pou adilt. Plis pase 60,000 elèv patisipe nan klas lajounen ak leswa nan sis *kolèj teknik* – yo te rele lontan *sant pou adilt* – ak 15 sant edikasyon pou adilt ak lòt etablisman separe ki ap fè menm travay la atravè konte a.

Pwogram edikasyon **karyè/teknik** la fèt pou sipòte mendèv lokal la. Li ofri elèv chemen karyè nan domèn endistriyèl/teknik, syans familyal ak konsomasyon, sante/medikal, biznis/òdinatè, ak sèvis publik.

Pwogram **edikasyon jeneral pou adilt** la fèt pou ede ranfòse ladrès akademik elèv e ofri yo konesans debaz yo mande pou pran fòmasyon aprè lekòl segondè. Pwogram konpreyansif sa a ofri klas nan domèn sa yo:

- Ladrès Debaz Edikasyon pou Adilt
- ESOL (Anglè pou Moun ki Pale Lòt Lang)
- Sitwayènte (preparasyon egzamen)
- Fini Lekòl Segondè
- GED (Diplòm Ekivalans Jeneral)

Anplis, pwogram nan ofri paran opòtinite pou yo jwenn ladrès edikasyonèl ki nesesè pou yo vin patnè total nan edikasyon ptit yo. Li ofri tou yon opòtinite pou moun ki pèdi travay yo ka jwenn ladrès ki nesesè pou yo re-antre nan mache travay la.

Elèv ki anwole nan pwogram edikasyon karyè/teknik pou adilt ap avanse daprè pwòp vitès yo nan lekti, lang, redaksyon ak matematik. Elèv yo ka sèvi tou ak òdinatè ki gen aksè Entènèt pou resevwa enstriksyon nan sèvi avèk yon kourikoulòm fòmasyon sou Entènèt nan domèn pwogram akademik oubyen vokasyonèl.

Èd finansye disponib pou elèv ki kalifye. Pou plis enfòmasyon, kontakte yon sant edikasyon pou adilt oubyen yon kolèj teknik ki tou pre w, oubyen rele liy enfòmasyon edikasyon pou adilt la nan 305-558-8000.

## M-DCPS LANSE APLIKASYON MOBIL LEKÒL POU PARAN, ELÈV


“Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) lanse yon vèsyon ajou Aplikasyon Mobil Lekòl yo te entwodui ane pase a pou ofri paran, elèv, ak anplwaye aksè pi rapid sou dènye enfòmasyon konsènan lekòl. Ou dwe enstale dènye vèsyon ofisyèl Aplikasyon Mobil “Dadeschools” la sou aparèy “iPhone” ak “Android” pou w ka itilize Aplikasyon Mobil Lekòl la.

Aplikasyon mobil la gen ladan kounye a:

- Enfòmasyon sou Nou
- Aksè sou Medya Sosyal
- Notifikasyon sou Nouvo Mesaj oubyen Evènman
- Nouvèl sou Lekòl
- Yon Tablo pou Mesaj
- Kalandriye Lekòl
- Lyen Abilityèl pou Pòtal Videyo
- Direktwa Lekòl
- Kontakte Nou

Paran, elèv ak anplwaye ki asosye avèk yon lekòl patikilye ap wè senbòl Aplikasyon Lekòl Mobil la sou paj prensipal Aplikasyon Mobil Dadeschools la. Senbòl aplikasyon an itilize a se yon kay lekòl jòn, men li ka reprezante tou avèk sèl senbòl Aplikasyon Mobil Lekòl la.

Silvouplè vizite [www.dadeschools.net](http://www.dadeschools.net) sou aparèy mobil ou a pou w telechaje aplikasyon an. Pou plis enfòmasyon, kontakte Jorge Fernandez, direktè egzekitif, Sèvis Kliyan ak Biznis, nan 305-995-3885.



## 2016-2017 PREZANS ELÈV

Petèt pa gen okenn faktè ki pi enpòtan pou yon elèv reyisi fè pwogrè lekòl pase prezans lekòl ki regilye e ponktyèl. Elèv ki eksesivman anreta oubyen absan nan pwogram edikasyonèl yo rete dèyè nan reyalizasyon akademik yo. Absans eksesif nan lekòl, se sa ki anonse move nòt, mank enterè, e sa ka lakoz yo retire elèv la lekòl.

Paran ak elèv responsab pou prezans, ki se yon demand lalwa pandan 180 jou lekòl la an sesyon. Yo defini prezans konsa: 1) prezans lekòl – elèv la dwe prezan pandan omwen dezèdtan nan jounen an oubyen li dwe patisipe nan yon aktivite edikasyonèl lekòl la apwouve, 2) prezans nan klas - elèv la dwe prezan nan klas la pandan omwen mwatye peryòd klas la.

Yo ap konsidere absans ki ap suiv yo kòm eskiz rezonab pou tan elèv pèdi nan lekòl: maladi pèsònèl yon elèv, randevou medikal yon elèv, lanmò nan fanmi imeda yon elèv la, obsèvans fèt relije, "subpoena" (lòd pou parèt) ki soti nan yon ajans ki la pou fè obsève lalwa oubyen yon lòd pou parèt nan tribunal, sispançon pou rete andeyò lekòl, deplasman familyal pou elèv ki gen koneksyon militè, ak absans dokimante paran oubyen elèv la pa gen kontwòl sou yo, jan direktè(tris) la apwouve li.

Yo dwe konsidere nepòt absans ki pa tonbe nan kategori nou sot site yo, kòm absans ki pa eskize. Inisyalman, yo make absans yo kòm "pa eskize" e yo ap chanje yo pou "eskize," lè paran an bay dokimantasyon ki jistifye absans la. Paran yo responsab pou rapòte e eksplike rezon absans oubyen reta a nan lekòl la, nan espas twa (3) jou elèv la retounen lekòl oubyen absans la ap rete kòm yon absans ki pa eskize.

Si absans yo eskize, elèv la dwe satisfè tout demand edikasyonèl pou kou a avan yo ba li yon nòt e/oubyen yo ba li yon kredi. Elèv la dwe gen jiska twa jou lekòl, pou l remèt travay ratrapaj pou absans ki eskize yo oubyen nan yon peryòd tan ki egal ak kantite jou absans yo. Absans ki pa eskize pa mande pou pwofesè a bay elèv la travay ratrapaj.

M-DCPS kontwole efò entèvansyon kont fè woul lakay elèv laj 6-17, yo konsidere kòm elèv ki abitye fè woul. Yo ka refere elèv sa yo bay yon ajans sèvis sosyal yo chwazi apre yo fin epuize tout sèvis yo.

Elèv ki gen ant laj 14 e 18 ane e yo klasifye kòm elèv ki abitye fè woul, y ap rapòte yo bay Depatman Sekirite Sikilasyon ak Veyikil a Motè nan Florid e elèv sa a pap elijib pou resevwa oubyen kenbe privilèj pou li kondui machin. Yo ka retabli privalèj pou kondui a si elèv la demontre li ka fè 30 jou prezans konsekitif nan lekòl san okenn absans ki pa eskize.

Genyen machasuv espesifik sou prezans elèv jan sa parèt nan Règleman 5200 sou Prezans Elèv, Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County <http://www.neola.com/miamidade-fl/> avèk règleman espesifik yo souliyen nan Mènyèl Règleman pou Repòte Prezans Elèv Jadandanfan rive 12yèm Ane Eskolè <http://ehandbooks.dadeschools.net/policies/89.pdf>.

## PWOGRAM SWEN ANVAN AK APRÈ LEKÒL NAN LEKÒL ELEMANTÈ

Ane sa a, Lekòl Leta Miami-Dade County ap ofri apeprè 285 pwogram swen "after school" (aprè lekòl) y ap mete nan tout lekòl elemantè leta ak sant Jadendanfan rive 8yèm ane eskolè nan kèk lekòl mwayen nan jou lekòl. Yo ap ofri pwogram swen aprè lekòl yo, kòmanse nan lè lekòl lage, jiska 6:00 diswa. Paran yo dwe tcheke lekòl pitit yo pou konnen espesifikman a ki lè pwogram yo ap kòmanse. Yo ofri pwogram swen "before school" (avan lekòl) yo selon diskresyon direktè (tris) lekòl la e yo kòmanse apeprè inèdtan avan lekòl kòmanse.

Tout pwogram swen aprè lekòl yo ofri aktivite ki planifye, ki gen ladan asistans ak devwa, jwèt yo ka jwe anndan oubyen deyò, ar oubyen atizana, yon tan pou pran yon tigoute, ak yon varyete aktivite rekreyatif. Anpil pwogram ofri lesон patikilye nan lekti ak matematik, aktivite STEM, mizik, laboratwa òdinatè, seramik, echèk, ar dramatik ak lòt klas ki fèt pou ofri patisipan yo yon varyete eksperyans edikasyonèl anrichisan. Pwogram swen anvan lekòl yo ofri elèv yo aktivite ki sipèvize e trankil.

Pri pwogram swen aprè lekòl se \$40 pa semèn; pri pwogram swen anvan lekòl se \$20 pa semèn. Se youn nan sèt founisè sa yo ki ap aplike pwogram yo:

- Lekòl Leta Miami-Dade County - Fonksyon Direktè lekòl la
- "Young Men's Christian Association (YMCA)" (Asosyasyon Jèn Gason Kretyen)
- "Young Women's Christian Association (YWCA)" (Asosyasyon Jèn Fi Kretyèn)
- "Family Christian Association of America (FCAA)" (Asosyasyon Fanmi Kretyen Ozetazini)
- "After-School Program (ASP)" (Pwogram Aprè Lekòl)
- "Sunshine After-School Child Care (SASCC)" (Swen pou Timoun Aprè Lekòl nan Florid)
- "South Florida After-School All Stars (SFASAS)" (Pwogram Aprè Lekòl "All Stars" nan Sid Florid)

Nou ofri pwogram kan ete nan chak vakans ete sou yon baz limite, lendi jiska vandredi, soti 7è dimaten jiska 6è diswa. Pwogram yo koute \$100.00 pa semèn. Ale sou [www.dadecommunityschools.net](http://www.dadecommunityschools.net) pou verifye dat ak orè nan lekòl ki pi pre w la.

Paran ki enterese dwe kontakte biwo direktè lekòl pitit yo pou konnen ki pwogram yo ofri. Ou ka gen plis enfòmasyon lè w ale sou Entènèt nan [www.dadecommunityschools.net](http://www.dadecommunityschools.net) oubyen rele Msye. Victor Ferrante, Direktè Egzekitif nan 305-817-0014, eks. 2500.

## **M-DCPS SE NIMEWO EN NAN KESYON BAY SAN NAN FLORID**

Pwogram “Blood Drive” (Kolekte San) an non sèlman edike e fè pwomosyon sou enpòtans sèvis sante kominotè, men tou li sove lavi anpil moun pandan pwosesis la.

Ane lekòl sa a, aktivite bay san anplwaye Lekòl Leta Miami-Dade County ak elèv 17 ane oubyen pi gran te fè, te pèmèt yo kolekte apwoksimativman 11,000 lit san kòm donasyon e yo ede sove lavi plis pase 40,000 moun. Se rezon sa a ki fè M- DCPS, ki gen kontra ak “oneblood,” se nimewo en nan kesyon bay san nan eta a.

Lekòl ak biwo ki genyen 15 oubyen plis moun ki pran angajman pou bay san ka telefone pou fè yon randevou avèk “bloodmobile” (otobis mobil pou kolekte san) lè yo kontakte Nieves Losa, Direktris Rejyonal nan 786-942-8870.

Pou plis enfòmasyon, silvouplè kontakte Diana Venturini, Direktris, “Office of Community Engagement” (Biwo pou Angajman Kominotè) nan 305-995-1367.

## **EDIKASYON KARYÈ AK TEKNIK**

Pwogram “Career and Technical Education (CTE)” (Edikasyon Karyè ak Teknik) Lekòl Leta Miami-Dade County prepare elèv nan nivo mwayen e segondè pou yo ka pare pou toude, kolèj ak karyè atravè pwogram etid e chemen karyè ki sou menm liy avèk gwoup pwogram karyè yo. Elèv CTE yo gradye avèk ladrès teknologik e akademik nivo mondal, plis sètifikasyon endistri rekonèt ki nesesè pou yo fè tranzisyon pou edikasyon siperyè ak karyè.

Pou yon lis konplè pwogram CTE ak gwoup pwogram karyè Distri a ofri, silvouplè vizite sit Entènèt depatman an nan <http://dcte.dadeschools.net>.

Biznis ak endistri ap mande pou gen yon mendèv ki pi kalifye e ki gen plis ladrès, e pwogram CTE M-DCPS yo sou menm liy avèk inisyativ “One Community One Goal” (Yon Kominote Yon Bi) a ki vize gwo endistri ki vital pou ekonomi Miami an. Elèv ki resevwa sètifikasyon endistri gen yon avantaj konpetitif lè yo gradye e yo vin pi kalifye pou mache travay la pandan e apre kolèj e/oubyen lòt edikasyon apre lekòl segondè. Yo apwouve meyè sètifikasyon endistri nan nivo eta a pou kredi kolèj gratis yo bay elèv. Paran ka wè kantite lajan yo ekonomize lè pitit yo gen sètifikasyon endistri pandan yo lekòl, nan: [dcte.dadeschools.net/industrycertification.html](http://dcte.dadeschools.net/industrycertification.html).

### **Akademi Karyè**

Akademi karyè yo kombine yon kourikoulòm preparasyon pou kolèj ki konsantre sou karyè. Elèv ki enskri nan akademi karyè yo suiv yon pwogram etid ki fèt pa sekans, ki ap mennen yo nan sètifikasyon endistri ak opòtinite pou resevwa kredi apre lekòl segondè ak bousetid. Elèv chwazi akademi karyè pamì divès gwoup pwogram karyè, pakonsekan, sa pèmèt yo fè tranzisyon ant lekòl segondè, kolèj, e karyè.

M-DCPS ofri 55 pwogram pamì senk tèm karyè ki se Jeni, Finans, Syans Sante, Ospitalite e Touris, ak Enfòmatik nan 29 lekòl segondè. Yo rekonèt anpil nan pwogram sa yo nasyonalman pou akonplisman yo. Pou plis enfòmasyon sou pwogram sa yo ki resevwa prim, ale sou: [dcte.dadeschools.net/naf.html](http://dcte.dadeschools.net/naf.html).

### **Akò pou Patenarya**

Elèv CTE ka resevwa kredi kolèj gratis oubyen kredi Kolèj Teknik M-DCPS nan patisipe e fini yon pwogram etid CTE avèk siksè. Akò patenarya avèk Kolèj Miami Dade, Kolèj Teknik M-DCPS ak lòt enstitisyon lokal disponib, akondisyon gen akselerasyon e rediksyon pri pou edikasyon apre lekòl segondè.

### **Prim “Florida Bright Futures (Gold Seal Vocational Scholars (GSV))”**

Elèv CTE yo gen opòtinite pou yo kalifye pou Prim GSV, youn nan twa Prim “Bright Futures,” lè yo fini yon pwogram etid CTE e satisfè kritè inisyal yo. Pou plis enfòmasyon sou demand yo, silvouplè vizite: [floridastudentfinancialaid.org/SSFAD/home/uamain.htm](http://floridastudentfinancialaid.org/SSFAD/home/uamain.htm).

### **“Career and Technical Student Organizations (CTSOs)” (Òganizasyon Karyè ak Teknik pou Elèv)**

CTSOs yo se yon konpozan pwogram CTE yo e yo pataje menm kourikoulòm. Yo ofri elèv opòtinite pou aplike teyori atravè eksperyans pratik. Elèv M-DCPS patisipe aktivman nan divès òganizasyon tankou “Future Business Leaders of America” (Fiti Lidè Biznis nan Amerik la), DECA, “HOSA-Future Health Professionals” (Fiti Pwofesyonèl Sante-‘HOSA’), “Technology

Student Association" (Asosyasyon Etidyan Teknoloji), pou nou site sa yo sèlman, kote yo kontinye devlope ladrès ki nesesè pou siksè nan karyè yo chwazi.

Pou plis enfòmasyon konsènan pwogram sa yo, silvouplè kontakte Depatman Karyè ak Edikasyon Teknik nan 305-693-3030 oubyen vizite sit Entènèt

<http://dccte.dadeschools.net/studentorg.html>.

## **LEKÒL "CHARTER"**

Lekòl "Charter" se lekòl leta ki fonksyone anba yon kontra pèfòmans oubyen "charter," ki pèmèt yo fonksyone avèk pwòp komisyon gouvènans yo ki gen responsabilite pou kreye e etabli pwòp règ fonksyònman yo. Konsa, règ lekòl charter yo ka diferan avèk règ Distri a e pamí lekòl charter yo menm.

Biwo rejon yo pa ofri sipò pou lekòl charter yo, e moun ta dwe adrese kesyon sou sitiayson ki konsene lekòl sa yo bay "Office of Charter School Support" (Biwo Sipò pou Lekòl Charter).

Pou plis enfòmasyon konsènan lekòl charter, kontakte:

### **CHARTER SCHOOL SUPPORT**

1450 N.E. 2nd Ave., Suite 802

Miami, FL 33132

305-995-1403

[cso@dadeschools.net](mailto:cso@dadeschools.net)

### **Asistan Sipèntandaan**

Tiffanie A. Pauline

### **Direktè Distri**

Dwight A. Bernard

### **Direktè Egzekitif**

Nicki L. Brisson

## PWOGRAM CHWA NAN LEKÒL YO

Depi plis pase 60 ane, Lekòl Leta Miami-Dade County (M-DCPS) alavangad nan mouvman chwa nan edikasyon. Pou ane lekòl 2015-2016 la, plis pase 60 poustan elèv klas matènèl rive 12yèm ane eskolè elèv nan M-DCPS fè yon chwa aktif nan seleksyon lekòl oubyen pwogram pou yo enskri. M-DCPS kontinye ap devlope pwogram ak lekòl espesyalize pou satisfè bezwen ak enterè espesyal elèv pandan l ap prepare yo pou mond travay la avèk siksè. Pou sipòte inisyativ distri a nan elaji pwogram chwa ki pwomote ekite ak aksè egal, M-DCPS ofri yon gran kantite pwogram chwa ki gen ladan pwogram ‘magnet’, sant aprantisaj satelit, ak Pwogram Opòtinite Bousetid.

Pwogram Chwa yo se yon envestisman rezonab pou avni elèv nou yo ak bezwen mendèv biznis la pou demen. Kominote nou an ann antye benefisyé gwo varyete opsyon chwa M-DCPS ofri yo. Paran yo gen yon Chwa ki klè nan Miami-Dade County.

### **Pwogram/Lekòl Magnet**

Pwogram ak lekòl magnet yo atire elèv ki soti nan diferan kontèks nan sis diferan tèm magnet (Karyè ak Pwofesyon, Ar Liberal, Pwogram Entènasyonal, Matematik, Syans ak Teknoloji, Ar Vizyèl e Ar Pèfomans, Klas sou Entènèt) ki ofri kourikoulòm espesyalize, kote yo chak fèt pou kiltive talan, enterè, ak abilite espesifik. Kounye a, gen plis pase 375 pwogram magnet nan plis pase 111 lekòl nan Miami-Dade County. Elèv yo aprann kijan pou yo kominike, devlope panse kritik, e rezoud pwoblèm, nan yon domèn etid espesyalize. Pwogram magnet Distri a ranpòte plizyè prim nasyonal paske li pwomote egalite edikasyonèl e li amelyore kalite edikasyon. Pou senkyèm ane youn apre lòt, M-DCPS resevwa plis Prim Merit Nasyonal MSA pase nenpòt lòt distri lekòl nan peyi a. Pandan twa ane, lekòl M-DCPS yo resevwa 152 Prim Merit Nasyonal.

Yo aksepte aplikasyon pou anwolman nan pwogram/lekòl magnet yo chak ane ant 1ye oktòb e 15 janvye. Pou plis enfòmasyon ak yon lis pwogram konplè, vizite sit Entènèt nou an nan [www.miamimagnets.org](http://www.miamimagnets.org). Premye kontak pou Pwogram Magnet yo se: Dtè. Robert D. Strickland, Direktè Administratif Distri “School Choice and Parental Options,” 305-995-1922, [rstrickland@dadeschools.net](mailto:rstrickland@dadeschools.net).

### **Sant Aprantisaj Satelit**

Sant Aprantisaj Satelit yo se yon fòm chwa lekòl leta ki pèmèt elèv yo ale nan yon lekòl leta ki menm kote paran yo ap travay la. Chak sant yo se yon patenarya ant anplwayè a, ki ofri lokal pou lekòl la, ak M-DCPS, ki ofri pwogram enstriksyonèl la. Kounye a gen yon (1) Sant Aprantisaj Satelit ki se: “Assurant Solutions Satellite Learning Center.” Chwa Lekòl ak Opsyon Paran ap kontan resevwa kesyon antite biblik ak prive ki enterese nan kreye Sant Aprantisaj Satelit ak lòt patenarya atravè pwogram Lekòl “A Business Community (ABC)” (Yon Kominote Biznis). Disponiblite espas ki apwopriye pou yo vin yon etablisman edikasyonèl ak enterè sifilan bò kote anplwaye yo, se prensipal konsiderasyon pou biznis ki ap anvizaje yon patenarya Pwogram Lekòl ABC. Premye kontak pou Sant Aprantisaj Satelit yo se: Madan Virna M. Kaufman, Direktris, “School Choice and Parental Options,” 305-995-1922, [vkaufman@dadeschools.net](mailto:vkaufman@dadeschools.net).

## **SANT ENFÒMASYON POU SITWAYEN**

“Citizen Information Center (CIC)” (Sant Enfòmasyon pou Sitwayen) nan Lekòl Leta Miami-Dade County, se kote pou w ale si ou gen kesyon jeneral sou sistèm lekòl la.

Sant la lokalize nan Chanm 102 Bilding Administrasyon Konsèy Lekòl la, 1450 N.E. Second Avenue, e li ofri publik tou dokiman, enfòmasyon jeneral ak ajanda pou reyinyon Komisyón Konsèy Lekòl yo.

Sitwayen yo kapab kontakte sant la nan 305-995-1128 oubyen vizite li lendi jiska vandredi depi 8:00 dimaten jiska 4:30 nan aprèmidi.

Ou ka jwenn Sant Enfòmasyon pou Sitwayen an sou sit Entènèt sa a <http://cic.dadeschools.net>. Sit Entènèt CIC a genyen lyen ki pèmèt moun al sou sit moun gade souvan yo, ansanm ak fòm yo itilize pou plase demand dosye publik yo, e pou moun mande pou yo prezante devan Komisyón Konsèy Lekòl la.

## KÒD POU KONDUIT ELÈV

Lekòl Leta Miami-Dade County apwouye yon vèsyon revize “Code of Student Conduct (COSC)” (Kòd pou Konduit Elèv) la. COSC a konsantre l sou ofri e mentni yon anviwònman pou aprann ki gen sekirite e ki pozitif pou elèv, pwofesè, anplwaye ak kominate a.

Yon gwo konsiderasyon nan aplikasyon Kòd pou Konduit Elèv la se kiltive anbyans pozitif nan lekòl la pou sipòte reyalizasyon akademik, pwomote jistis, sivilite, akseptans divèsite, ak respè youn pou lòt. Se pou sa yo divize seri konpòtman ki pa apwopriye yo an senk gwoup, avèk estrateji korektif ki rekòmande e obligatwa.

Kòd pou Konduit Elèv la adrese wòl paran/gadyen, elèv, ak lekòl la, men li konsantre tou sou valè debaz yo ak modèl konpòtman elèv, dwa ak responsablitè elèv, nan adrese konpòtman elèv, ak pwosedi disiplinè. Anplis, pwofesè, konseye ak administratè fè efò pou sèvi avèk yon varyete estrateji korektif ki pwogresif oubyen gidans pou korije konpòtman ki pa apwopriye yo.

Diferans nan laj ak matirite se kritè ki detèmine ki kalite estrateji disiplinè ki apwopriye. Sepandan, pwosedi ki nan COSC a aplikab pou tout elèv ki anba jiridiksyon Lekòl Leta Miami-Dade County. COSC a anvigè pandan lè regilye lekòl, pandan y ap transpòte elèv yo nan yon bis lekòl e nan lè ak andwa – ki gen ladan men ki pa nesesèman limite ak evènman lekòl la ap fè, pwomnad, aktivite espò e lòt aktivite – kote administratè lekòl ki apwopriye yo gen jiridiksyon sou elèv yo.

Direktè/tris lekòl yo gen otorite pou yo pran aksyon administratif kont yon elèv ki gen move konduit andeyò lekòl la lè sa gen yon move efè sou lòt elèv yo oubyen lè li afekte lòd pwosesis edikasyonèl la. Yo klase kalite vyolasyon yo soti nan move konduit ki twouble lòd salklas la, fonksyon lekòl yo, aktivite andeyò lekòl la oubyen transpòtasyon ki apwouye rive nan aksyon malonèt ki pi grav yo e aksyon vyolan ki menase lavi.

Kòd pou Konduit Elèv la souliye konpòtman y ap atann lakay yon elèv ak anpil estrateji korektif si elèv la ta gen move konduit.

COSC a adrese dwa ak responsablitè elèv yo ki gen rapò ak dwa pou aprann; prezans lekòl; dosye elèv; nòt; dwa pou pale; ekspresyon ak rasanbleman; ak piblikasyon. Li souliye dwa paran yo tou pou asire opòtinite pitit yo genyen pou yo jwenn edikasyon.

Elèv oubyen paran ki gen pwoblèm pou entèprete COSC a dwe adrese sousi yo bay direktè/tris lekòl la. Anplis, si sousi yo genyen an pa rezoud nan nivo lekòl la, yo ka fè yon apèl nan biwo reydon an e aprè sa, nan Distri a.

Paran/gadyen ka gen aksè sou COSC a ann Anglè, Espayòl ak Kreyòl sou sit Entènèt M-DCPS la nan [ehandbooks.dadeschools.net/policies/90/index.htm](http://ehandbooks.dadeschools.net/policies/90/index.htm) oubyen yo ka mande yon kopi nan lekòl pitit yo a.

## **PWOGRAM ASISTANS POU KOLÈJ**

“College Assistance Program (CAP)” (Pwogram Asistans pou Kolèj), se yon pwogram konsèy aprè lekòl segondè nan tout lekòl segondè nan Miami-Dade County. Pwogram nan gen yon atansyon espesyalize ki pèmèt konseye CAP yo sèvi elèv yo yon fason ki pi efikas akoz ekspètiz espesifik yo genyen nan domèn nan. Se youn nan kèk sèvis konsa ki genyen nan lekòl yo, ki ede avèk kolèj nan tout peyi a, ki inisyé kontak avèk elèv la. Konseye CAP yo kominike efektivman nan non elèv yo gras ak relasyon espesyal yo avèk reprezantan kolèj yo ansanm ak òganizasyon lokal, eta e nasyonal yo.

Konseye CAP yo sèvi kòm antrenè tranzisyon pou ede elèv yo planifye etid yo apre lekòl segondè. Yo òganize fowòm sou kolèj ak fwa kolèj nan etablisman lekòl yo, patwone vizit nan kolèj, ofri asistans avèk èd finansye, aplikasyon nan kolèj, chwazi kolèj, konsèy akademik, preparasyon egzamen, enfòmasyon sou bousetid, esè pou kolèj, e sipòte elèv ak fanmi yo pandan tout faz pwosesis planifikasyon etid apre lekòl segondè a.

CAP travay an kolaborasyon avèk “College Assistance Program (CAP, Inc.)” (Pwogram Asistans pou Kolèj, Enkòpore), yon òganizasyon 501(c)(3) ki pa la pou pwofi, pou li ka bay plizyè milye dola pou ede elèv ki deside ale nan kolèj. Don CAP, Inc. yo se don “last dollar” (lajan yo bay elèv avèk kèk kondisyon) ki satisfè bezwen finansye elèv ki nan tranzisyon pou edikasyon aprè lekòl segondè.

Pwogram Asistans Kolèj la ofri lekòl segondè yo resosus kolaboratif ki pwomote yon kilti ki ankouraje elèv ale nan kolèj e asire chak elèv gen yon plan etid apre lekòl segondè li ka reyalize.

Pou plis enfòmasyon, elèv yo ta dwe kontakte konseye CAP lekòl yo nan Depatman Sèvis Elèv la, oubyen rele Divizyon Sèvis Elèv la nan 305-995-7338.

**OU VLE ALE NAN KOLÈJ?  
FWA NASYONAL KOLÈJ AP VIN MIAMI, DIMANCH 26 FEVRIYE 2017**

Elèv ak paran nan Sid Florid la ap ka rankontre reprezantan k ap soti nan plis pase 200 kolèj ak invèsite nan Fwa Nasyonal Kolèj 2017 Miami an, soti midi pou 4:00 nan aprèmidi, dimanch 26 fevriye 2017, nan DoubleTree by Hilton Miami Airport & Convention Center, 777 N.W. 72nd Ave., Miami.

Nou envite elèv, paran ak lòt moun pou patisce nan fwa **gratis** sa a.

Evènman an ap pèmèt elèv ak lòt moun rankontre avèk plis pase 200 reprezantan kolèj e jwenn repons pou kesyon yo. Yo ap ofri sesyon enfòmasyon ann Anglè, Espayòl, ak Kreyòl sou èd finansye, planifikasyon pou kolèj, ak sa yo mande elèv yo pou admisyon e pou yo pran egzamen.

Sant konseye ak òdinatè yo ap pèmèt elèv yo gen aksè sou sondaj konsènan karyè ki enterese yo e enfòmasyon sou preparasyon pou kolèj, admisyon ak bousetid.

“National Association for College Admission Counseling (NACAC)” (Asosyasyon Nasyonal Konseye pou Admisyon nan Kolèj) ak Lekòl Leta Miami-Dade County ap patwone evènman an. Manm Komisyon Konsèny Lekòl, Perla Tabares Hantman se ko-chèmann komite lokal Fwa Nasyonal Kolèj la. Chak ane NACAC patwone fwa nan 48 vil atravè peyi a ki atire plis pase 650,000 elèv ak paran.

Pou plis enfòmasyon, kontakte Martha Z. Harris, Direktris Administratif, nan 305-995-7338; Rele nan Liy Enfòmasyon pou Kolèj la, 305-995-1743; oubyen vizite [www.nacacnet.org](http://www.nacacnet.org).

## **LEKÒL KOMINOTÈ YO OFRI OPÒTINITE EDIKASYONÈL NAN PRI KI ABÒDAB**

A travè ane ki pase yo, plizyè milye moun te kontinye pwofite gwo kantite opòtinite edikasyonèl yo ofri atravè Pwogram Edikasyon Kominotè Lekòl Leta Miami-Dade County. Yo te kreye pwogram akomode sa yo pou satisfè bezwen enstriksyonèl endividiyèl oubyen ti gwoup kominotè ki vle ogmante oubyen aprann yon ladrès ki konplètman nouvo.

Lekòl Leta Miami-Dade County ap opere 17 lekòl kominotè ak 21 lokal edikasyon adilt ki ofri klas nan prèske tout sijè – kòmanse sou yoga pou rive sou lang etranje ak fotografi – swa gratis oubyen nan pri ki abòdab. Klas yo disponib nan aprèmidi oubyen aswè pou moun ak gwoup tout laj, nivo ladrès ak kapasite yo nan lang.

Pou plis enfòmasyon sou avantaj ki genyen nan edikasyon kominotè, rele Msye. Victor Ferrante Direktè Egzekitif nan 305-817-0014, ekstansyon 2500 oubyen ale sou Entènèt nan: [www.dadecommunityschools.net](http://www.dadecommunityschools.net).

## **PWOGRAM SÈVIS KONPREYANSIF LA SATISFÈ BEZWEN ELÈV YO**

### **Sèvis Sipò pou Elèv ak Fanmi**

Divizyon Sèvis Elèv ap aplike Pwogram Sèvis Konpreyansif pou Elèv la ki ap sèvi elèv, soti nan klas matènèl rive nan klas adilt. Atravè efò kolaborasyon avèk ajans kominotè yo, yo addrese bezwen akademik, pèsonèl/sosyal, ak devlopman karyè elèv yo atravè yon apwòch travay ann ekip. Ekip la gen ladan sikològ, travayè sosyal nan lekòl, konseye lekòl, antrenè pou siksè elèv, antrenè “Positive Behavior Support” (Sipò pou Konpòtman Pozitif) konseye “College Assistance Program (CAP)” (Pwogram Asistans pou Kolèj), espesyalis “To Reach Ultimate Success (TRUST)” (Pou Jwenn Pi Gwo Siksè) ak lòt pwofesonèl sante mantal ki ap fè efò pou kontinye travay pou asire yo satisfè bezwen “tout timoun” nan.

Konseye lekòl yo se manm ki enpòtan anpil pou ekip edikasyon an. Koneksyon ak kolaborasyon ki fêt ant konseye lekòl yo, kominote militè a, moun ki gen enterè nan kominote a ak lòt ajans yo se kle pou fèmen vid elèv yo ka ap fè fas pou ede yo vin adilt ki jwenn siksè nan lavi. Patenarya ki etabli avèk òganizasyon swen sante kominotè yo ogmante tou kantite sipò ki disponib pou elèv ak fanmi yo.

Pwogram Sèvis Konpreyansif pou Elèv sipòte akonplisman elèv atravè prevansyon efikas, entèvansyon, repons lè gen kriz, ak sèvis rekouvreman.

Pou plis enfòmasyon, silvouplè kontakte Martha Z. Harris, Direktris Administratif, Divizyon Sèvis Elèv, nan 305- 995-7338.

## **PATNÈ DADE YO**

Nan ane 1978, Lekòl Leta Miami-Dade County (M-DCPS) te kreye pwogram “Dade Partners” (Patnè Dade yo) pou yo te konekte biznis e resous kominotè yo ak lekòl nan zòn yo. Pwogram nan envite biznis; lidè kominotè ak ajans lokal e òganizasyon ki pa la pou pwofiti yo pou vin tounen moun ki ap pran desizyon e k ap patisipe nan edikasyoniblik Miami-Dade County.

Depi kreyasyon li, “Dade Partners” ogmante pou rive plis pase 4,000 antite, ki fòme pase 4,200 patnè ant òganizasyon yo e lekòl nou yo. Tout patnè sa yo ap kontinye pataje konesans yo e ofri lekòl nou yo divès kalite resous, tankou sèvis konsèy, estaj, founiti ak materyèl pou salklas, ansanm ak finansman pou òganize evènman pou rekònèt pwofesè ak elèv.

Pou plis enfòmasyon sou “Dade Partners”, silvouplè kontakte Liza Thurber, Direktris Distri, Angajman Kominotè, nan 305-995-1265.

## **INISYATIV KONVÈJANS DIJITAL PRÈ APARÈY MOBIL POU ELÈV LEKÒL SEGONDÈ**

Youn nan bi ki pi enpòtan nan Inisyativ Konvèjans Dijital la se pou maksimize potansyèl aprantisaj tout elèv nan yon efò pou prepare yo pou yon fiti ki gen siksè kòm sitwayen 21yèm syèk. Nan yon efò pou fè sa, "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) ap ofri elèv eksperyans itilizasyon divès aparèy mobil. Itilizasyon aparèy sa yo pral ede yo vin elèv ki endependan, ki kapab inisyé pwòp aprantisaj yo; li ap ofri kolaborasyon ak komunikasyon ant elèv e pwofesè; e pwolonje aprantisaj elèv andeyò salklas la.

Pou ane lekòl 2016-2017 la, aparèy mobil yo ap disponib pou tout elèv Distri a ki nan nevyèm ak dizyèm ane eskolè. Yo ap distribye aparèy yo bay elèv nan kòmansman ane lekòl la, e elèv yo ap gen aksè ak yon koleksyon resous dijital.

Lekòl yo ap voye nòt bay paran pou fè yo konnen kilè y ap distribye aparèy yo. Pou yo ka resevwa yon aparèy mobil, elèv ak paran dwe fè sa ki ap suiv yo:

1. Siyen Akò sou Aparèy Mobil pou Elèv la (*obligatwa*)
2. Peye frè teknoloji \$20 yo mande a – elèv ki nan pwogram repa midi nan pri redui ap peye \$10 e sa ki nan pwogram gratis la ap peye \$5.
3. Patisipe nan yon Reyinyon Oryantasyon (*pa obligatwa – si se lekòl la ki mande sa.*)

Frè teknoloji a kouvri reparasyon pou pàn aparèy la. Li PA kouvri reparasyon ki fèt akoz neglijans oubyen abi elèv, pèt oubyen domaj ekipman (egz., chajè, bwat, klavye, eks.), oubyen ranplasman aparèy la.

Yo mete règ, pwosedi ak machasuiv distri a konsènan prè ak itilizasyon aparèy mobil yo, nan gid pou paran an ki lokalize nan <http://digital.dadeschools.net> anba "*Parent Resources*" (*Resous pou Paran*). Pou elèv ki chwazi itilize yon aparèy pèsonèl olye pou yo itilize aparèy lekòl la, gen enfòmasyon tou konsènan aparèy pèsonèl (BYOD).

Pou plis enfòmasyon, paran yo dwe kontakte yon administratè nan lekòl pitit yo oubyen yo ka rele Albert Pimienta, Depatman Teknoloji Enstriksyonèl, nan 305-995-2295.

## **KÒD ABIMAN POU ELÈV**

Lekòl Leta Miami-Dade County gen yon kòd abiman estrik pou elèv yo obsève. Kòd abiman an egziste pou asire aparans elèv yo pa deranje sante, sekirite, pwòpte oubyen anviwònman pou aprann nan. Kòd pou Konduit Elèv la gen estrateji korektif ladan sou fason pou adresé kesyon elèv ki pa respekte kòd abiman an.

Gen anpil lekòl ki adopte inifòm pou ankouraje elèv yo amelyore abitid etid yo e pou idantifye yo plis ak lekòl yo. Tout elèv nan jadendanfan - 8yèm ane eskolè (lekòl elemantè, Sant K-8, ak lekòl mwayen) dwe patisipe nan yon pwogram inifòm lekòl lekòl obligatwa.

Paran ki swete gen plis enfòmasyon sou kòd abiman lekòl la dwe refere yo a vèsyon Elementè ak Segondè Kòd pou Konduit Elèv la ki lokalize sou sit Entènèt Lekòl Leta Miami-Dade County <http://ehandbooks.dadeschools.net/policies/90/index/htm>, oubyen yo ka kontakte tou lekòl pitit yo.

## **ANWOLMAN DOUB, OPÒTINITE POU ETID AVANSE**

Lekòl Leta Miami-Dade County ofri elèv nan tout nivo yon varyete pwogram pou prepare yo pou edikasyon aprè lekòl segondè pou li ka monte talan ak enterè akademik chak elèv nan nivo maksimòm. Pwogram Akademik Avanse yo dekri anba a ofri metòd akselere pou elèv pran kou nivo kolèj pandan yo toujou nan lekòl segondè.

### **“Advanced Placement (AP)” (Plasman Avanse)**

Kou Plasman Avanse (AP) yo disponib nan tout lekòl segondè, e enskripsyon ouvè pou tout elèv. Malgre kèk elèv enskri nan kou AP depi yo nan 9yèm ane eskolè, majorite elèv kòmanse pran kou AP nan 10yèm e/oubyen 11yèm ane eskolè. Kou sa yo rijd, e yo ofri travay klas nivo kolèj pandan elèv yo toujou nan lekòl segondè. Pandan elèv yo nan wout pou fini ane lekòl la, yo patisipe nan egzamen AP, ki evalye konesans elèv nan disiplin espesifik ki enterese yo a. Yo klase nòt yo, soti nan en (1) rive nan senk (5). Majorite kolèj ak inivèsite ap bay elèv yo kredi kolèj pou kou AP yo, si yo fè nòt twa oubyen plis nan egzamen an. Sa ede elèv ak paran paske elèv yo pap gen pou peye oubyen pran kou sa yo lè yo antre nan yon enstitisyon siperyè. Yo ofri kou AP yo nan sijè ki ap suiv yo: Lekti/Redaksyon, Matematik, Syans Sosyal, Syans, Teknoloji, Lang Etranjè, ak Ar.

### **“International Baccalaureate (IB)” (Bakaloreya Entènasyonal)**

Bakaloreya Entènasyonal la ofri pwogram Jadendanfan-12yèm ane eskolè ki konsantre sou edikasyon entènasyonal ki devlope ladrès entèlektyèl, pèsonèl, emosyonèl e sosyal ki nesesè pou viv e travay nan yon mond ki ap devlope rapidman. IB gen yon repitasyon ki baze sou eksperyans nan estanda ansèyman ki wo, pozisyon lidè pedagojik ak akonplisman elèv sou fòm edikasyon entènasyonal ak evalyasyon rijd. “Primary Years Programme (PYP)” (Pwogram Ane Primè) yo, pou laj 3-12, konsantre sou devlopman total timoun nan, nan prepare elèv pou yo vin aktif, sansib, moun ki ap aprann pou tout lavi yo. “Middle Years Programme (MYP)” (Pwogram Ane Lekòl Mwayen) yo, pou laj 11-16, prepare elèv pou yo pran angajiman pou “Diploma Programme (DP)” (Pwogram Diplòm) nan. DP, pou laj 16-19, ankouraje elèv pou yo pousoiv Diplòm IB ki prestijye, yo rekonèt pou dimansyon ak pwofondè konesans, rijdite evalyasyon, posiblite kredi kolèj li ofri, ak rekonesans inivèsité avanse li resevwa.

### **“Cambridge International”**

“Cambridge International Examination” se yon òganizasyon ki fè pati inivèsite ki se lidè nan mond la, “University of Cambridge.” Kourikoulòm Cambridge la ankouraje elèv pou yo vin kwè nan tèt yo, responsab, moun ki ap reflechi, ki renmen inovasyon e ki angaje. Nan Pwogram Primè Cambridge la, elèv devlope ladrès ak konpreyansyon nan Anglè, matematik, ak syans. Nan Pwogram Segondè 1 Cambridge la, elèv kontinye devlope ladrès yo nan sijè debaz sa yo. Nan pwogram Segondè 2 ak Pwogram Avanse Cambridge yo, elèv devlope ladrès konpreyansyon ak panse pwofon ki nesesè pou yo reyisi nan nivo etid siperyè. Elèv yo travay pou yo ka jwenn Diplòm prestijye “Advanced International Certificate of Education (AICE)” (Sètifikasi Edikasyon Entènasyonal Avanse), yon kourikoulòm entènasyonal e yon sistèm egzamen ki mete aksan sou valè etid global e avanse. Ansam ak yon konpreyansyon pwofon sou yon seri sijè, elèv yo metrize tou yon seri ladrès kritik ki pi laj pou yo ka reyisi nan etid inivèsité e nan travay.

## **Anwolman Doub**

“Dual Enrollment (DE)” (Anwolman Doub) bay elèv opòtinite pou enskri nan kou kolèj pandan yo toujou nan lekòl segondè. Nan Lekòl Leta Miami-Dade County, yo ofri DE atravè “Miami-Dade College (MDC)”, “University of Florida” (UF), ak “Florida International University (FIU).” Elèv ki kalifye yo ka anwole nan yon kou kolèj, e yo elimine frè lekòl ak frè liv yo pou elèv la. Majorite lekòl segondè M-DCPS ofri kou DE sou kanpous yo pandan lajounen e aprè lekòl. Lè elèv la fini kou DE a, kredi li resevwa a ka sèvi pou li satisfè demand gradyasyon lekòl segondè li ye a, e li ka sèvi tou pou kredi kolèj. Pou elèv segondè kalifye pou anwolman doub, yo dwe gen yon “unweighted Grade Point Average (GPA)” (Mwayèn Jeneral) 3.0, yo dwe pase “Postsecondary Education Readiness Test (PERT)” (Egzamen Preparasyon pou Edikasyon Aprè Lekòl Segondè) oubyen yo dwe fè nòt minimòm yo mande nan SAT oubyen ACT, e satisfè tout kritè pou admisyon nan MDC oubyen FIU. Pou yo ka resevwa kredi lekòl segondè pou kou Anwolman Doub, elèv yo dwe remèt relve nòt kolèj yo bay konseye gidans lekòl segondè yo. Pou elijibilite ak disponibilite kou DE yo, elèv yo dwe pale avèk konseye segondè yo.

Pou plis enfòmasyon, kontakte Dtè. Lisette Rodriguez, Direktris Egzekitif, Depatman Pwogram Akademik Avanse, nan 305-995-1934 oubyen vizite sit Entènèt depatman an nan <http://advancedacademicprograms.dadeschools.net/>.

## SÈVIS EDIKASYON POU TIMOUN ANBAZAJ

### AP FÈ ENSKRIPSYON KOUNYE A POU ANE LEKÒL 2016-2017 LA NAN LEKÒL KI NAN KATYE OU

“Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) ofri yon kantite pwogram edikasyonèl konpreyansif, ki apwopriye ak devlopman jen timoun yo. Misyon chak pwogram gen ladan amelyorasyon pèsepsyon pèsonèl timoun nan pandan I ap ofri yon fondasyon solid pou entèraksyon I ap fè nan lekòl. Yo kwè, lè eleman sa yo rive yon fason ki konsistan e konsyan, timoun yo ap devlope yon amou pou aprantisaj ak akoplisman pou lavi. Yo fè tout pwogram yo pou satisfè bezwen total timoun nan pou li/yo ka atenn pi wo nivo kapasite yo.

#### **“Voluntary Pre-Kindergarten (VPK)” (Klas Matènèl Volontè)**

“Voluntary Pre-Kindergarten (VPK)” (Klas Matènèl Volontè) se yon pwogram lalwa otorize ki fèt pou prepare chak timoun katran nan Florid pou klas jadendanfan e bati fondasyon pou siksè edikasyonèl yo. Pwogram VPK a ofri chak timoun yon eksperyans edikasyonèl kalite siperyè ki gen ladan estanda lekti ak redaksyon ki wo, responsablite, kourikoulòm ki apwopriye, bonjan peryòd enstriksyon, yon salklas pwofesè a ka jere, yon pwofesè sètifye ak yon parapwofesyonèl trè kalifye.

M-DCPS ofri Jounen Enstriksyon Debaz VPK a, kòmanse 8:20 dimaten pou 11:20 dimaten. Pwogram Anrichisman Klas Matènèl la pwolonje jounen enstriksyonèl la jiska 1:50 nan aprèmidi atravè fon Title I oubyen frè paran. Yo baze anwolman an sou yon kantite 20 elèv maksimòm nan chak salklas nan pwogram ane lekòl la, ki toujou kenbe pou santaj yon adilt pou chak 10 timoun.

Yon timoun elijib pou li enskri nan Pwogram VPK a si li rive nan laj katran 1ye septanm nan ane lekòl aktyèl la oubyen avan. Kòmanse 1ye jiyè 2016, timoun katran ki gen dat nesans yo ki kòmanse 2 fevriye jiska 1ye septanm ap elijib pou yo enskri nan VPK a oubyen ranvwaye enskripsyon an pou pwochen ane lekòl la. Paran yo dwe aplike pou “Certificate of Eligibility” (COE) (Sètifikasi Elijibilite) Pwogram VPK pou pitit yo nan [www.vpkhelp.org](http://www.vpkhelp.org) e voye fòm nan ansanm ak tout dokiman yo mande lè timoun ap antre lekòl.

Ale sou Sit Entènèt Sèvis Prezans M-DCPS la pou yon lis dokiman yo mande pou elèv enskri lekòl, [http://attendanceservices.dadeschools.net/reg\\_require.asp](http://attendanceservices.dadeschools.net/reg_require.asp)

Pou plis enfòmasyon, silvouplè kontakte Depatman Pwogram pou Timoun Anbazaj yo nan 305-995-7632.

#### **“Early Head Start” (Kòmansman Edikasyon Byen Bonè)**

“Early Head Start (EHS)” (Kòmansman Edikasyon Byen Bonè) se yon pwogram a baz kominotè ki finanse federalman pou fanmi revni ba, ki gen timoun piti. Pwogram EHS la sipòte devlopman fizik, sosyal, emosyonèl, entelektyèl, ak langaj chak elèv e li responsabilize fanmi yo nan devlope objektif pou yo ak pitit yo.

Sèvis EHS yo disponib pou fi ansent ki gen revni ki pèmèt yo kalifye ak timoun piti soti nan nesans rive nan laj twazan, nan sis andwa lekòl atravè Miami-Dade County. Yo aksepte aplikasyon pou anwolman pandan tout ane a nan andwa lekòl EHS yo. Pou plis enfòmasyon, demand pou enskripsyon, aplikasyon EHS ak yon lis kote ki ofri pwogram nan ki disponib, vizite sit Entènèt nou an nan <http://headstart.dadeschools.net/> oubyen kontakte Depatman Pwogram Timoun Anbazaj la, nan 305-995-7689.

### **“Head Start” (Kòmansman Edikasyon Bonè)**

“Head Start (HS)” (Kòmansman Edikasyon Bonè) se yon pwogram federal pou timoun klas matènèl ki soti nan fanmi revni ba. Timoun ki nan HS patisipe nan yon varyete aktivite edikasyonèl. Yo resevwa tou swen medikal e dantè gratis; yo resevwa bonjan repa ak tigoute; e yo renmen jwe anndan e deyò salklas nan yon anviwònman aprantisaj ki gen sekirite e ki rich. Timoun ki nan pwogram HS yo ant laj 3 ak 5 ane.

Sèvis HS yo disponib, pou timoun revni paran yo fè yo elijib, ki gen laj 3-5 ane ak fanmi yo, nan 35 andwa lekòl atravè Miami-Dade County. Yo aksepte aplikasyon pou anwolman pandan tout ane a nan andwa lekòl HS yo. Pou plis enfòmasyon, demand pou enskripsyon, aplikasyon HS ak yon lis konplè andwa ki ofri pwogram nan ki disponib, vizite sit Entènèt nou an nan <http://headstart.dadeschools.net/> oubyen kontakte Depatman Pwogram Timoun Anbazaj la, nan 305-995-7689.

### **Pwogram Klas Matènèl pou Timoun ki Gen Andikap**

Pwogram Klas Matènèl pou Timoun ki Gen Andikap la ofri yon varyete aktivite edikasyonèl pandan jounen lekòl la. Jounen lekòl ki nan pwogram nan kòmanse a 8:20 dimaten pou 1:50 nan aprèmidi pou pwogram jounen konplè a e 8:20 dimaten pou 10:50 dimaten oubyen 11:20 dimaten pou 1:50 nan aprèmidi pou pwogram mwatye jounen an, lendi jiska vandredi.

Woutin chak jou Pwogram Klas Matènèl pou Timoun ki Gen Andikap la gen ladan aktivite sa yo: tan salitasyon, rekonèt son, tan pou planifikasyon, tan pou travay, tan pou netwaye, tan pou rapèl, tan pou timoun yo travay nan ti gwoup, sosyalizasyon/developman pèsonèl, tan pou timoun yo travay nan gran gwoup, tan pou lekti an gwoup, e tan pou jwe deyò. Yo aplike woutin chak jou sa a selon modèl aplikasyon pwogram ki ap suiv yo: Enklizyon, Pwogram “LEAP” elèv ki gen Divès Karakteristik Kondisyon Otis, timoun ki gen Pwoblèm Langaj/Pale, ak “Reverse Mainstream,” (Klas Espesyal pou Elèv Edikasyon Regilye), gen pwogram espesyalize adisyonèl ki disponib pou elèv ki gen Divès Karakteristik Kondisyon Otis, Andikap Entèlektyèl, Pwoblèm Langaj/Pale ak Pwoblèm Pa Ka Tande/Mal pou Tande.

Pou plis enfòmasyon konsènan pwogram nou an, woutin chak jou, ak modèl aplikasyon pwogram yo, silvouplè vizite sit Entènèt nou an nan <http://prekese.dadeschools.net> oubyen rele Pwogram Klas Matènèl pou Timoun ki gen Andikap yo nan 305-271-5701.

## PWOSEDI NAN KA IJANS

Règ Komisyon Konsèy S200 sou prezans la mande pou elèv yo gen nan dosye lekòl yo enfòmasyon pou kontak ijans pou asire yo avèti paran oubyen lòt moun yo te deziye yo rapidman lè gen yon ijans konsènan pitit yo.

Paran yo mete enfòmasyon sa a sou yon kat dosye elèv depi premye fwa yo ap enskri pitit yo nan yon lekòl leta Miami-Dade County; aprè sa, yo mete enfòmasyon an ajou chak ane. Sepandan, li enpòtan pou paran yo mete enfòmasyon an ajou alekri diran ane lekòl la si ta vin gen chanjman nan non, telefòn oubyen adrès. Anplis, Pòtal Paran an, youn nan inisyativ teknoloji M-DCPS yo, pèmèt paran ale sou Entènèt e fè chanjman nan adrès elektwonik yo.

Lè yon elèv gen yon ijans nan lekòl li oubyen pandan yon aktivite lekòl la te otorize, responsab yo nan lekòl la dwe avèti youn nan paran yo imedyatman. Si yo pa ka kontakte okenn nan paran yo, yo dwe rele kèlkeswa lòt moun yo te deziye kòm kontak altènatif sou kat enfòmasyon elèv la. Yo pap remèt elèv la bay yon moun si non moun sa a pa sou lis kat ijans timou nan. Nan ka maladi oubyen blesi grav, yo ap rele Ponpye/Sèvis sekou oubyen lapolis pou vini lekol la. Pa konsekan, li enpòtan pou kat enfòmasyon ak kontak elèv la ajou, si sèvis sekou yo bezwen pale avèk yon moun.

## **BIWO EDIKASYON ELÈV EKSEPSYONÈL AK SÈVIS SIPÒ ELÈV**

Departman "Exceptional Student Education (ESE)" (Edikasyon Elèv Eksepsyonèl) sèvi elèv ak fanmi atravè distri a nan devlope, kowòdone e kontwole pwogram ki sipòte elèv ki gen andikap yon fason pou asire yo ajiste kourikoulòm, pratik enstriksyonèl ak konpòtman pou satisfè bezwen edikasyonèl elèv.

Pami pwogram espesifik ak sèvis yo, genyen idantifikasiyon ak entèvansyon bonè, konsèy sou sante fizik/mantal, evalyasyon ak plasman sikolojik e edikasyonèl, sipò pou tranzisyon ak prevansyon kont fè woul. Yo etabli Sant Sèvis ESE atravè distri a pou fè l pi fasil pou paran jwenn aksè a sèvis dyagnostik e enfòmasyon. Sant Sèvis ESE yo lokalize nan:

<b>ESE Service Center North</b> Mac North 13813 N.W. 97th Avenue Hialeah, FL 33018 305-827-3025	<b>ESE Service Center Central</b> Westview Middle School 1901 N.W. 127th Street Miami, FL 33167
<b>ESE Service Center South</b> 6521 S.W. 62nd Avenue South Miami, FL 33143 786-268-4757	<b>ESE Service Center South Satellite</b> Center for International Education 900 N.E. 23rd Avenue Homestead, FL 33030 305-242-8432
<b>Florida Diagnostic and Learning Resources System/South (FDLRS)</b> 6521 S.W. 62nd Avenue South Miami, FL 33143 305-274-3501	

## PWOGRAM LANG ETRANJE

“Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) ofri yon kourikoulòm ekitab e aksesib nan chak lekòl pou tout elèv. Distri a ofri yon pwogram lang jadendanfan-12yèm ane eskolè divèsifye ki ofri plizyè chemen pou aprann li e ekri nan de (2) lang pou satisfè bezwen endividiyèl tout elèv.

### **Lang Mondyal Espayòl 2yèm-5yèm Ane Eskolè**

Lang Mondyal Espayòl se yon pwogram lang ki fèt pou ede patisipan aprann li e ekri pou yo ka fonksyone nan Espayòl. Pwogram nan ofri devlopman sistematik pou aprann lang nan tout aspè: tandem, pale, li, ak ekri e li ankouraje konzyantizasyon ak konpreyansyon kilti kote yo pale lang la.

### **“Bilingual School Organization (BISO)” (Òganizasyon Lekòl Bileng) Jadendanfan-8yèm Ane Eskolè**

Lekòl BISO yo ofri yon model pwogram lang doub. Pwogram sa a sèvi elèv ki espesyalman entereze nan devlope konesans ak aprantisaj nan Anglè e yon lòt lang. Lekòl BISO yo suiv yon pwogram enstriksyonèl kote yo konsakre 60 pousan jounen an pou enstriksyon nan Anglè oubyen atravè Anglè, e 40 pousan jounen an pou enstriksyon nan lòt lang ki pa Anglè a oubyen atravè lang sa a.

### **“International Education (IE)” (Edikasyon Entènasyonal) Jadendanfan-12yèm Ane Eskolè**

Pwogram Edikasyon Entènasyonal la plonje elèv nan edikasyon miltikiltirèl, ansanm ak konsantrasyon sou aprann yon dezyèm lang. Pwogram sa yo, yo anseye nan pwogram kourikoulòm varye, ki gen siksè, prepare elèv pou yo reyisi nan yon sosyete ak ekonomi global ki ap chanje rapidman.

### **“International Studies (IS)” (Etid Entènasyonal) Jadendanfan-12yèm Ane Eskolè**

Pwogram Etid Entènasyonal la se rezulta efò kolaboratif M-DCPS ak ministè edikasyon Frans, Almay, Itali ak Espay. Elèv pousuiv yon kourikoulòm akademik avèk yon konsatrasyon entènasyonal ki adrese toude estanda rijid sistèm edikasyonèl, Etazini ak “European Union (EU)” (Inyon Ewopeyèn) yo. Nan nivo elementè, yo anseye pwogram nan nan yon modèl jounen pwolonje kote elèv yo resevwa jiska twazèdtan enstriksyon nan lang yo chwazi travay la nan yon nivo ki koresponn avèk pa kamarad yo ann Ewòp. Nan nivo segondè, elèv pousuiv etid yo nan literati, matematik, ak syans sosyal nan lang yo vize a e yo ankouraje yo pou travay nan pi wo nivo kou Onè ak “Advanced Placement (AP)” (Plasman Avanse) nan Anglè. Pwogram nan ofri opòtinite pou resevwa rekonesans doub pou etid yo.

### **“Extended Foreign Language (EFL)” (Lang Etranje Pwolonje) Jadendanfan-8yèm Ane Eskolè**

Yo bay enstriksyon Lang Etranje Pwolonje a nan matyè kourikoulòm nan oubyen atravè toude lang yo. Lekòl ki vle enpleamente pwogram nan detèmine lòt lang ki pa Anglè a pou yo bay enstriksyon an ak kantite tan enstriksyonèl yo anseye nan lang sa a e atravè li. Lekòl yo ka chwazi pou yo anseye youn a dezèdtan enstriksyon nan lang yo vize a. Nan nivo segondè, elèv yo pousuiv etid nan literati, matematik, syans sosyal, oubyen syans nan lang yo vize a. Pwogram segondè yo ofri enstriksyon nan de (2) a twa peryòd nan lang yo vize a.

## **Lang Etranje 6yèm-12yèm Ane Eskolè**

Lang Etranje a se yon pwogram opsyonèl nan nivo segondè. Kou yo ofri yo, kòmanse nan sekans lekòl mwayen an, atravè yon sekans sis ane kou lang etranje lekòl segondè nan 13 lang.

## **“English for Speakers of Other Languages (ESOL) (Anglè pou Moun ki Pale Lòt Lang)**

### **Jadendanfan-12yèm Ane Eskolè**

Anglè pou Moun ki Pale Lòt Lang nan se yon pwogram Lekti/Redaksyon ki obligatwa pou elèv ki gen konpetans limite nan Anglè e yo klasifye yo kòm English for Speakers of Other Languanges (ESOL). Pwogram nan vize enstriksyon nan nivo ane eskolè, e li vize tou, ogmante konpetans yo nan lang Anglè a nan sipòte kapasite yo pou satisfè menm defi kontni akademik Eta a ak estanda akademik elèv ki pa ELL yo.

## PAJ DETAY POU 2016

Kantite Lekòl	Tradisyonèl	“Charter”
Elementè	170	27
Sant K-8	47	37
Mwayen	49	23
Segondè	56	23
Konbinezon**	4	6
Altènativ/Espesyalize	13	10
<b>TOTAL</b>	<b>339</b>	<b>126</b>

\*\*Konbinezon lekòl yo gen ladan 3 lekòl sou Entènèt

### Dis (10) premye lang elèv itilize kòm lang prensipal

Espayòl	187,583
Kreyòl Ayisyen	13,720
Pòtigè	1,848
Fransè	1,634
Ris	882
Chinwa	705
Arab	525
Italyen	412
Kreyòl	364
Vyetnamyen	347

Salè Debaz pou pwofesè 10-mwa ki gen Bachelye: \$40,500 - \$71,385

Sipleman pou Metriz - \$3,100

Sipleman pou Espesyalis - \$5,150

Sipleman pou Doktora - \$7,200

Bidjè Distri pou 2015-2016:                   \$4.6 milya

Kantite pwogram/lekòl chwa “magnet”	
Chwa	500+
Lekòl	110
Total Anwolman:	215,054 oubyen 60.3%

Demografi Elèv		
Ispanik	246,658	69.1%
Nwa	77,552	21.8%
Blan	25,946	7.3%
Lòt	6,342	1.8%
<b>TOTAL Elèv</b>	<b>356,498</b>	<b>100%</b>

Kantite Anplwaye	
Pwofesè	18,520
Anplwaye a plentan	33,677
Anplwaye a tan pasyèl	5,267
<b>TOTAL Anplwaye</b>	<b>38,944</b>

Kantite Elèv ki Gen Andikap ak Elèv ki Gen Don	
Elèv ki Gen Don	42,373
Elèv ki ki nan SPED (Edikasyon Espesyal)	34,926
<b>Total ESE</b>	<b>77,299</b>

\*Sous: ‘Assessment Research and Data Analysis’ avril 2016

###

## **FWA AK EKSPOZISYON MIAMI-DADE COUNTY**

Fwa a ap kòmanse 23 mas 2017, ane sa a pou ekspoze talan elèv yo e ofri fanmi yo 21 jou amizman! Fwa a ofri elèv yo tou yon bous \$1,000 ki pa renouvlab pou yo ale nan yon kolèj, inivèsite ki akredite, oubyen yon pwogram pwofesyon M-DCPS ki sètifye. Elèv lekòl segondè oubyen Adilt/Vokasyonèl yo dwe aplike nan lekòl nan katye yo. Y ap onore tout resipyan yo nan yon seremoni dine nan Fwa a.

Prim “The Walter B. Arnold Youth Hall of Fame” (Aprèsyasyon pou Jèn) Fwa a ofri a te kreye pou rekonpanse elèv nan 6-12yèm ane eskolè pou sèvis remakab yo nan lekòl yo e/oubyen kominote yo. Yo ap onore tout finalis yo nan yon seremoni dine nan Fwa a e y ap resevwa \$100 ak yon plak. Chak inisyé “The Youth Hall of Fame” ap resevwa \$1,000 e y ap ekspoze foto yo pou onore yo nan mi “Youth Wall of Fame” nan Fwa a. Elèv yo dwe aplike nan lekòl yo.

Pou plis enfòmasyon sou aktivite sa yo ak lòt pwojè Fwa ak Ekspozisyon Miami-Dade County, egzibisyon ak opòtinite, silvouplè ale sou sit Entènèt Fwa a nan [www.fairexpo.com](http://www.fairexpo.com), oubyen kontakte Diana Venturini, Direktris, nan Biwo Angajman Kominotè nan Lekòl Leta Miami-Dade County nan 305-995-1367.

**ENSKRIPSYON ANN OTÒN**  
**Demand pou Admisyon, Enskripsyon ak Vaksen**

Lekòl leta Miami-Dade County yo ap ouvri pòt yo lendi 22 out pou kòmanse ane lekòl 2016-2017 la.

Tout timoun ki rive nan laj sis (6) an oubyen ki pral gen sisan 1ye fevriye oubyen avan, nan nenpòt ane oubyen ki gen ant laj sis (6) an ak sèz (16) an, eksepte si lalwa Florid di lekontrè, dwe ale lekòl regilyèman pandan tout ane lekòl la. Tout timoun ki enskri nan yon lekòl nan Distri a dwe satisfè demand pou vaksen, selon lwa eta a, e montre prèv egzamen fizik.

Men dokiman pou n pote lè n ap enskri timoun yo:

- **orijinal batistè;**
- **verifikasyon laj ak non legal;**
- **prèv egzamen fizik yon doktè lisansye fè ki gen ladan depistaj klinik pou tibèkiloz, suivi apwopriye, ak yon sètifica vaksen;**
- **de (2) verifikasyon rezidans aktyèl (adrès) paran/gadyen legal la;**
- **Deklarasyon nan Moman Enskripsyon an** (Fòm 5740; e
- kesyonè sou adrès elèv la / “Children and Youth Form FM-7378” (Fòm pou Timoun ak Jèn) Pwojè “**UP-START**” (**sanzabri**)

Elèv ki ap transfere soti nan yon lòt eta, lòt distri nan Florid, oubyen ki fèt nan lòt peyi, dwe satisfè menm  
demand yo pou enskripsyon, admisyon, ak antre lekòl.

Tout elèv dwe ale lekòl nan distri a ki nan zòn kote paran/gadyen legal yo rete, amwenske timoun nan te resevwa yon asiyasyon pou yon lòt lekòl atravè yon **Transfè Elèv nan Chwa Paran**, oubyen atravè **Chwa Lekòl ak Opsyon Paran nan Lekòl Leta Miami-Dade County**. Pou jwenn lekòl ki nan zòn kote ou rete, ou ka ale sou [www.dadeschools.net](http://www.dadeschools.net), seleksyone “Schools, Find your Neighborhood School” (Lekòl, Jwenn Lekòl ki nan Katye ou). Pou facilite ou, nou mete lyen pou **“Initial Entry Registration Procedures Handbook”** (Livrè sou Metòd Inisyal pou Enskripsyon ak Antre Lekòl 2016-2017).

Menmsi pa gen dat limit pou enskripsyon, nou ankouraje elèv yo enskri bonè pou evite reta nan pwoesisis la, e pou asire y ap ka antre lekòl nan jou ouvèti lekòl la.

## **“FLORIDA KIDCARE:” ASIRANS SANTE POU TIMOUN NAN PRI ABÒDAB!**

“Florida KidCare” se asirans sante konplè pou timoun depi nesans yo rive nan laj 18 ane. Nenpòt fanmi ka aplike; kantite lajan pou w peye depann de salè ak kantite moun ki gen nan fanmi an. Majorite fanmi peye \$15 oubyen \$20 chak mwa oubyen anyen ditou. Anpil timoun ki pa sitwayen ameriken kapab kalifye.

Anpil elèv nou yo kapab elijib pou asirans sante atravè “Florida KidCare” menmsi youn oubyen toude paran yo ap travay.

Sèvis yo ofri yo gen ladan: vizit doktè, konsiltasyon ak vaksen, preskripsyon, sante mantal, lopital ak operasyon, sèvis pou zye ak zòrèy, swen pou dan, ak ijans.

Gen kat (4) pwogram nan “Florida KidCare”: “Medicaid” (Asistans Medikal) pou timoun, “Healthy Kids” (Timoun Ansante), “MediKids”, ak “Children’s Medical Services” (Sèvis Medikal pou Timoun).

Atravè yon patenarya avèk “Florida KidCare”, Lekòl Leta Miami-Dade County ap ofri enfòmasyon kounye a konsènan pwogram nan e l ap ofri asistans pou moun ka aplike nan lekòl nou yo. Fanmi yo ka pale avèk Lyezon KidCare ki nan lekòl ptit yo oubyen rele liy enfòmasyon Akademi Paran An nan nan 305-995-1207.

Paran ka aplike sou Entènèt tou nan [www.healthykids.org](http://www.healthykids.org) e klike sou “Apply Online Now”.

Pou plis asistans, rele Florida KidCare nan 1-888-540-5437 (gratis).

**FONDASYON POU NOUVO INISYATIV NAN EDIKASYON**  
**“THE FOUNDATION FOR NEW EDUCATION INITIATIVES, Inc.”**

Kòm yon òganizasyon sipò dirèk pou “Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami- Dade County) “The Foundation for New Education Initiatives, Inc.” (Fondasyon pou nouvo Inisyativ nan Edikasyon) ouvri nouvo domèn opòtinite, inovasyon, motivasyon ak siksè akademik pou elèv Lekòl Leta Miami-Dade County yo.

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid te kreye Fondasyon an an 2008 pou amelyore akonplisman elèv e angajman kominate a nan sipòte Akademi Paran An ak lòt inisyativ Lekòl Leta Miami-Dade County.

Pou plis enfòmasyon konsènan misyon Fondasyon an ak kantite inisyativ edikasyon li sipòte, silvouplè kontakte Ann de las Pozas, Direktris Egzekitif, nan 305-995-7317, oubyen vizite [www.giveourstudentsttheworld.org](http://www.giveourstudentsttheworld.org).

## MANJE GRATIS, NAN PRI REDUI

“Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) sèvi manje nourisan chak jou. Tout manje yo dwe satisfè kritè Depatman Agrikilti Etazini etabli. **Dejene GRATIS pou tout elèv chak jou lekòl.**

Pou aplike pou repa midi gratis oubyen a pri redui, fanmi yo dwe ranpli yon aplikasyon oubyen sou Entènèt nan <http://nutrition.dadeschools.net> oubyen nan voye yon kopi aplikasyon enprime a bay lekòl kote yo gen pitit ki pi jèn nan. Ranpli sèlman yon aplikasyon pa fanmi e ou ka remèt aplikasyon an nenpòt lè pandan ane a. Aplikasyon yo disponib nan biwo santral chak lekòl ann Anglè, Espayòl ak Kreyòl. Enfòmasyon yo bay sou aplikasyon an ap sèvi pou detèmine elijiblite e moun ka verifye yo nenpòt lè pandan ane lekòl la.

Yo mande fanmi ki resevwa “Supplemental Nutrition Assistance Program (SNAP)” (Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè) oubyen “Temporary Assistance to Needy Families (TANF)” (Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen) pou yo mete nimewo dosye a sou aplikasyon an. Sote seksyon 3 sou aplikasyon an. Yo ap pwolonje benefis pou manje gratis la pou tout timoun ki nan fanmi an lè aplikasyon an gen yon nimewo SNAF/TANF sou li.

Timoun leta ap okipe yo ap resevwa benefis gratis kèlkeswa revni pèsònèl timoun nan oubyen revni moun ki abite nan kay la. Timoun leta ap okipe yo pa oblige ranpli aplikasyon pou yo ka resevwa repa midi gratis.

Tout lòt fanmi yo dwe bay enfòmasyon sa yo ki nan aplikasyon an:

- Non tout elèv nan fanmi an – bay nimewo idantifikasyon elèv la, dat nesans li, ak non lekòl li ye a.
- Non tout manm fanmi an.
- Revni total fanmi an ki prezante avèk kantite lajan yo resevwa avan taks, ki kalite revni (egz., salè, “child support,” eks.) e avèk ki frekans chak moun ki abite nan kay la resevwa lajan sa a.
- Siyati yon adilt ki manm fanmi an ki sètifye enfòmasyon yo bay la kòrèk; e
- Kat dènye chif nan nimewo sosyal sekirite adilt ki siyen aplikasyon an. Si manm fanmi sa a pa gen yon nimewo sosyal sekirite li dwe ekri mo “NONE” (PA GENYEN) oubyen yon X nan bwat “No SSN” nan.

Elèv yo ka peye repa midi alavans sou Entènèt nan [www.PayPams.com](http://www.PayPams.com), oubyen nan kafeterya lekòl la ak chèk oubyen kach. Y ap voye enfòmasyon sou “PayPams” lakay elèv la ansanm avèk bwochi aplikasyon pou manje gratis/nan pri redui nan premye jou lekòl la. Pri total repa midi pou lekòl elemantè se \$2.25. Pri total repa midi pou lekòl mwayen ak segondè se \$2.50. Pri redui pou repa midi, nan tout nivo ane eskolè yo se 40 santim pa jou.

## DEMAND POU GRADYASYON

Elèv "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) ki ap antre nan 9yèm ane eskolè ka chwazi youn nan kat opsyon eta a apwouve pou yo ka resevwa yon diplòm estanda.

- Pwogram 24-kredi\*
- Opsyon 18-kredi "Accademically Challenging Curriculum to Enhance Learning (ACCEL)" (Akademikman Estimilan pou Amelyore Enstriksyon),
- Yon kourikoulòm "International Baccalaureate (IB)" (Bakaloreya Entnènasyonal)
- Yon kourikoulòm "Advanced International Certificate Education Program (AICE)" (Pwogram Edikasyon Sètifika Entnènasyonal Avanse)

\*Anplis, gen de opsyon pou elèv ki gen andikap, yo ka konplete nan pwogram 24-kredi a. Pou plis enfòmasyon sou pwogram edikasyon elèv eksepsyonèl yo, vizite paj Entènèt Biwo Edikasyon Eksepsyonèl ak Sèvis Elèv la.

- Tout opsyon diplòm mande pou elèv fè yon nòt pasaj nan Egzamen Lekti 10yèm ane "English Language Arts Florida Assessment" (Evalyasyon Florid pou Lekti/Redaksyon ann Anglè), oubyen nenpòt nan egzamen Komisyon Kolèj la, SAT oubyen SAT.
- Elèv yo dwe resevwa yon nòt ki montre yo pase egzamen Aljèb 1 "End-of-Course (EOC)" (Fen Kou) a oubyen yo resevwa menm nòt la nan egzamen "Postsecondary Education Readiness Test (PERT)" (Egzamen Preparasyon pou Edikasyon Apre Lekòl Segondè).
- Yo mande pou elèv konplete *omwen yon kou sou Entènèt* nan lekòl segondè pou yo ka gradye.

Elèv yo dwe chita avèk konseye lekòl yo pou asire yo gen bonjan enfòmasyon konsènan kou ak evalyasyon yo mande pou gradyasyon, ansanm ak lòt enfòmasyon enpòtan yo bezwen pandan yo nan lekòl segondè, pandan y ap fe plan pou Edikasyon apre lekòl segondè.

Pou plis enfòmasyon ki pi detaye konsènan demand pou diferan diplòm, klike sou lyen ki anba a pou w ka jwenn Feyè Depatman Edikasyon Florid sou Konsiderasyon Akademik – "Sa Elèv ak Paran Bezwen Konnen." Feyè yo disponib nan twa lang.

*Feyè sou Konsiderasyon Akademik: Sa Elèv ak Paran Bezwen Konnen: (ale sou [http://www.fl DOE.org/academics/graduation-requirements\\_for\\_cohort\\_specific\\_requirements](http://www.fl DOE.org/academics/graduation-requirements_for_cohort_specific_requirements))*

- [Students Entering Grade Nine in the 2013-2014 School Year](#)
- [Students Entering Grade Nine in the 2014-2015 School Year](#)
- [Students Entering Grade Nine in the 2015-2016 School Year](#)
- <http://www.fl DOE.org/core/fileparse.php/7764/urll/sophmoreflyer.pdf- 2014-15>
- <http://www.fl DOE.org/core/fileparse.php/7764/urll/freshmenflyer.pdf- 2015-16>

Si ou bezwen enfòmasyon espesifik konsènan nouvo lwa sa a, silvouplè kontakte konseye lekòl pitit ou a e/oubyen administratè yo. Nan travay ansanm, paran ak anplwaye lekòl M-DCPS ka vrèman fè yon diferans pou elèv nou yo.

## **SWEN SANTE, DEMAND ETA A, VAKSEN**

Timoun ki gen pou antre nan klas Matènèl jisrive nan 12yèm ane eskolè pou ane lekòl 2016-2017 la bezwen pran vaksen apwopriye, sinon yo pap ka antre lekòl.

Pwogram vaksen lekòl eta a mande pou tout elèv ki nan Jadandanfan jisrive 12yèm ane eskolè resevwa yon dezyèm dòz vaksen MMR.

Tout timoun k ap antre nan klas Matènèl jisrive 12yèm ane eskolè dwe pran yon seri vaksen epatit B anplis vaksen yo te deja mande pou yo pran pou difteri, koklich, tetanòs, polyo, saranpyon, malmouton, lawoujòl, ak varisèl.

Tout timoun k ap antre, ki prale oubyen k ap transfere nan klas Matènèl oubyen 9yèm, 10yèm, 11yèm oubyen 12yèm ane eskolè nan Florid dwe pran yon dòz vaksen varisèl (chicken pox), oubyen yo dwe gen yon istwa maladi varisèl ki dokimante sou yon Fòm Setifikasyon Vaksen Florid oubyen dokiman vaksen Florid pou maladi varisèl. Demand sa a aplikab tou pou elèv ki pa t pase klas matènèl oubyen 8yèm, 9yèm, 10yèm, 11yèm ak 12yèm ane eskolè.

Tout timoun k ap antre, ki deja oubyen k ap transfere nan Jadandanfan ak 1ye, 2yèm, 3yèm, 4yèm, 5yèm, 6yèm, 7yèm ak 8yèm ane eskolè dwe pran de (2) dòz vaksen varisèl (chicken pox) varisèl oubyen yo dwe gen yon istwa ki dokimante sou yon Fòm DH 680 (Fòm Sètifikasyon Vaksen Florid). Demand sa a aplikab tou pou elèv ki te double klas Jadandanfan ak 1ye, 2yèm, 3yèm, 4yèm, 5yèm, 6yèm, 7yèm ak 8yèm ane eskolè.

Tout timoun k ap antre, ki deja oubyen k ap transfere nan 7yèm ane eskolè nan Florid dwe gen vaksen Tdap la ki dokimante sou yon Fòm DH 680, oubyen dokiman vaksen Florid.

Timoun ka ale lekòl si yo nan pwosesis pou yo pran seri vaksen yo e si yo genyen yon fòm egzanpsyón medikal tanporè ki valid nan dosye lekòl la. Se sèlman Sètifikasi Depatman Sante Florid pou Vaksen an, Fòm DH 680, oubyen dokiman vaksen Florid ki akzeptab pou verifye si elèv yo an règ pou vaksen.

Yo ankouraje paran/gadyen pou kontakte doktè yo pou mete yon randevou pou timoun demand sou vaksen lekòl la afekte. Pifò asirans sante kouvri vaksen yo mande yo.

Timoun paran yo pa kapab peye pou vaksen yo ka resevwa vaksen gratis, tankou Vaporizatè pou Grip anba pwogram Vaksen Pou Timoun nan, ki ofri vaksen gratis nan sant depatman sante nan konte a, ak Sant Sante ki gen lisans Federal e nan andwa lekòl espesifik. Pou plis enfòmasyon, kontakte Biwo Pwogram Vaksen Espesyal nan Depatman Sante Miami-Dade County, nan 786-845-0550, oubyen rele 211 e mande pou founisè vaksen nan zòn ou an. Gen plis enfòmasyon ki ap vini toujou konsènan lekòl ki pral ofri vaksen gratis, tankou Vaporizatè pou Grip pandan ane lekòl ki ap vini an.

## VAKSEN / ajoute youn

Lekòl Leta Miami-Dade ofri divès kalite depistaj sante anba sipèvizyon anplwaye lekòl oubyen anplwaye swen sante.

Chak ane yo tcheke zye elèv Jadandanfan, 1ye, 3yèm, 6yèm ane eskolè, ak nouvo elèv 2yèm, 4yèm ak 5yèm ane eskolè nan Florid.

Yo fè depistaj pou pwoblèm tandem chak ane pou elèv nan klas Jadandanfan; 1ye, 6yèm ane eskolè ak nouvo elèv nan Florid ki nan 3yèm, 4yèm ak 5yèm ane eskolè.

Yo ap konseye paran elèv ki gen rezulta negatif nan nenpòt nan depistaj yo oubyen ki sanble yo ka gen yon pwoblèm vizyon oubyen yon pwoblèm tandem, pou y al chèche swen medikal kay doktè yo.

Pwogram “Florida Heiken Children’s Vision” nan ofri egzamen zye konplè ak linèt pou timoun paran yo gen revni ki ba. Li ofri swen zye nan lekòl yo nan youn nan kat minibis mobil pou swen zye yo.

Chak ane, yo fè depistaj “scoliosis” kolòn vêtebral pou elèv 6yèm ane eskolè.

Lè elèv yo gen maladi ki dire lontan oubyen maladi kwonik oubyen andikap ki mande pou yo pran medikaman regilyèman, anplwaye lekòl la ka ede elèv yo jere oubyen pran medikaman an lè moman pou elèv la pran medikaman an pa kab ajiste pou I koresponn ak lè li lakay li.

Yon paran oubyen gadyen dwe siyen yon fòm konsantman, e yon doktè lisansye dwe siyen yon plan tretman ekri ak otorizasyon ki eksplike nesesite pou medikaman an. Lè yo mande chanjman nan yon medikaman, paran an oubyen gadyen an ak doktè a dwe bay nouvo fòm otorizasyon. Direktè(tris) lekòl la ap klete medikaman an nan yon andwa ki fèt pou sa.

Pou plis enfòmasyon, kontakte Wilma Steiner, Direktris, Biwo Elèv Eksepsyonèl ak Sipò Elèv, Sante Konpreyansif, nan 305-805-4600.

## **HEALTH CONNECT IN OUR SCHOOLS (HCiOS) (KONEKSYON SANTE NAN LEKÒL NOU YO)**

“The Children’s Trust,” Lekòl Leta Miami-Dade County ak Depatman Sante Miami-Dade County, ansam ak patnè kominotè yo te devlope “Health Connect in Our Schools (HCiOS)” (Koneksyon Sante nan Lekòl nou yo) pandan ane lekòl 2005-2006 la pou sipòte zafè sante elèv ak sante mantal nan Lekòl Leta Miami-Dade County.

Plizyè ekip pwofesyonèl, tankou Travayè Sosyal nan Lekòl yo ak Enfimyè, ap estasyone nan plis pase 145 lekòl pandan ane lekòl 2016-2017 la. Objektif HCiOS la se pou konekte elèv yo ak yon sant sante medikal/mantal pèmanan andeyò lokal lekòl la, kote prevansyon ak pwomosyon sante tout kò a ap fè elèv ak fanmi yo rive gen yon pi bon lavi, pandan y ap amelyore akonplisman elèv yo.

Pou plis enfòmasyon, kontakte Wilma Steiner, Direktris, Biwo Elèv Eksepsyonèl ak Sipò Elèv, Sante Konpreyansif, nan 305-805-4600.

## **“PROJECT UP-START” - POWGRAM M-DCPS POU EDIKASYON SANZABRI**

“Project Up-Start”, Pwogram Edikasyon Lekòl Leta Miami-Dade County a, ap sèvi fanmi ak elèv ki an tranzisyon depi 1992 anba Divizyon Sèvis Elèv la. Project Up-Start sipòte elèv ki pa gen yon lojman nan nuit ki fiks, e regilye, e ki ap viv nan kategori ki ap suiv yo:

- Abri ijans oubyen lojman tranzisyonèl pou sanzabri
- Lojman publik akoz yo pèdi kay oubyen difikilte ekonomik (pataje espas avèk lòt moun)
- Nan espas publik, machin, plas publik, lojman ki mal okipe, oubyen nan kan
- Nan motèl oubyen otèl akoz difikilte ekonomik

Project Up-Start konfòme li ak Iwa “Mckinney-Vento Homeless Education Assistance Act” (Akò Asistans pou Edikasyon Sanzabri ‘Mckinney-Vento’) nan ede fanmi yo avèk sèvis ki ap suiv yo:

- Enskripsyon imedyat nan lekòl
- Demand transpòtasyon pou ale nan lekòl yo te ye anvan fanmi yo te vin sanzabri
- Leson patikilye apre lekòl nan kèk abri yo seleksyone
- Repa midi gratis imedyat
- Aktivite konsyantizasyon pou sanzabri pandan tout ane a
- Jesyon ka/rekòmandasyon pou fanmi yo jwenn aksè ak patnè kominotè yo

Plis pase sa Iwa federal yo mande, Project Up-Start ofri asistans pou elèv sanzabri, yo pa t ap jwenn lòt kote, tankou founiti klasik, valiz lekòl, inifòm, manje, rad, ak plis toujou. Sèvis sa yo disponib atravè Magazen Project Up-Start la, ki jwenn sipò Biwo Angajman Kominotò nou an, Fondasyon Jèn Florid, ak Fondasyon pou Nouvo Inisyativ Edikasyon Sipètentandan an. Yo itilize Magazen Project Up-Start la atravè ane lekòl la pou elèv ak fanmi yo, tankou nan okazyon rantre lekòl, jou konje, ak sezon “prom” (bal gradyasyon elèv).

Pou plis enfòmasyon, silvouplè kontakte Debra Albo-Steiger, Manadjè Pwojè, nan 305-995-7318.

## **ORÈ LEKÒL**

Lekòl leta Miami-Dade County yo ap ouvri pòt yo lendi 22 out pou kòmanse ane lekòl 2016-2017 la.

Elèv klas matènèl, jadandanfan ak premye ane eskolè pral lekòl a 8:20 dimaten pou 1:50 nan aprèmidi ; e elèv 2yèm jiska 8yèm ane eskolè pral lekòl a 8:35 pou 3:05 nan aprèmidi nan lekòl elemantè ak Sant K-8 yo. Jou mèkredi, tout lekòl elemantè ak Sant K-8 yo ap lage a 1:50 nan aprèmidi.

Silvouplè mande nan lekòl ptit ou a pou konfime a kilè lekòl la antre e a kilè li lage, paske gen lekòl ki pa gen menm orè.

Orè lekòl mwayen yo ap 9:10 dimaten pou 3:50 nan aprèmidi. Orè lekòl segondè yo, ap 7:20 dimaten pou 2:20 nan aprèmidi. Gen kèk lekòl elemantè, mwayen ak segondè, ansanm ak kèk sant K-8 e sant edikasyon altènatif ki ap fonksyone sou orè pa yo.

Paran yo dwe telephone lekòl ptit yo pou yo konnen orè yo. Gen anpil lekòl mwayen ki fonksyone sou orè lekòl segondè. Silvouplè mande nan lekòl ptit ou a pou konfime a kilè lekòl la antre e a kilè li lage.

## **DAT ENPÒTAN NAN ANE LEKÒL 2016-2017 LA**

### **JOU KONJE**

Lendi 5 septanm - Fèt Travay (Labor Day)

Vandredi 11 novanm - Fèt Ansyen Sòlda (Veterans Day)

Jedi 24 novanm - Jou Remèsiman (Thanksgiving Day)

Lendi 16 janvye - Obsèvans Anivèsè Nesans Dtè. Martin Luther King Jr.

Lendi 20 fevriye - Fèt Tout Prezidan (All Presidents Day)

Lendi 29 me - Fèt pou Onore Sòlda ki Mouri nan Sèvis Militè (Memorial Day)

### **JOU POU PWOFESÈ FÈ PLANIFIKASYON**

Jedi 18 out

Vandredi 19 out

Madi 30 out - Jounen Developman Pwofesyonèl

Lendi 3 oktòb

Mèkredi 12 oktòb

Madi 8 novamm - Jounen Developman Pwofesyonèl

Mèkredi 23 novanm

Lendi 23 janvye

Vandredi 24 mas

Vandredi 9 jen

### **JOU VAKANS**

Vandredi 25 novanm - Konje "Thanksgiving" (Jou Remèsiman)

Lendi 26 desanm jiska vandredi 6 janvye - Vakans Ivè

Lendi 10 avril jiska vandredi 14 avril - Vakans Prentan

## **ESTAJ**

Pwogram estaj yo sèvi kòm yon opòtinite pou fè lidè biznis ak kominotè yo pran angajman pou elaji enstriksyon atravè estaj ki konekte ak akademi karyè e domèn enterè elèv yo nan kolèj.

Elèv yo patisipe pandan yo fèk antre nan lekòl segondè oubyen lè yo pral fini e yo gen opòtinite pou aplike fondasyon akademik yo nan yon kad reyèl.

Plasman pou estaj yo fèt nan domèn biznis, syans òdinatè, jeni, relasyon piblik, “marketing” (piblisite), dwa ak politik, jounalist, medikal ak anpil lòt endistri.

Pou aprann plis sou pwogram estaj yo kontakte Lisa Thurber, Direktris Distri, Biwo Angajman Kominotè, nan 305-995-1265.

## PWOGRAM LEKTI/REDAKSYON JADENDANFAN - 12YÈM ANE ESKOLÈ

Lekòl Leta Miami-Dade County genyen youn nan plan lekti nan peyi a ki pi konpreyansif pou tout elèv Jadendanfan jiska 12yèm ane eskolè, ki gen ladan demand biwo eta a ki rele "Just Read, Florida!" (Annik Li, Florid!).

Plan distri Jadendanfan - 12yèm ane eskolè "Comprehensive Research-Based Reading Plan (CRRP)" (Lekti Konpreyansif ki Baze sou Rechèch) mande pou gen enstriksyon nan sis eleman esansyèl lekti yo: son, rekonèt son, lekti kouran, vokabilè, konpreyansyon ak langaj oral. Evalyasyon yo gen ladan egzamen, kontwòl pwogrè ak dyagnostik inisyal.

CRRP a, anplwaye yo devlope avèk asistans "Ad Hoc Reading Committee" (Komite pou Amelyore Lekti) a, yo idantifye li nan nivo nasyonal e nan nivo eta kòm yon plan lekti egzanplè ki te pèmèt elèv yo fè pwogrè enpresyonan nan akonplisman yo nan domèn lekti.

Plan obligatwa eta sa a gen ladan estrateji ak eleman sa yo:

- 90 minit enstriksyon lekti/redaksyon chak jou pou elèv nan klas Jadendanfan rive nan 5yèm ane eskolè ak 30 minit enstriksyon sou redaksyon;
- Konsantrasyon chak jou sou enstriksyon sistematik e presi sou fonetik (son), nan Jadendanfan rive nan 3yèm ane eskolè;
- Yo ofri Anrichisman Entansif nan Lekti pou elèv ki prèske atenn yon metriz nan lang nan;
- Evalyasyon kapasite elèv nan lekti, nan sèvi ak egzamen, kontwòl pwogrè ak evalyasyon sou dyagnostik lè gen bezwen;
- Yo ofri entèvansyon imedya, entansif lè gen bezwen, nan tout nivo ane eskolè pou akSELERE akonplisman nan lekti;
- Antrenè lekti ak kontak lekti pou sipòte enstriksyon lekti/redaksyon nan lekòl yo seleksyone.

Pami eleman enpòtan nan plan an genyen tou developman pwofesyonèl konplè pou pwofesè nan tout nivo, yon apwòch òganize pou enstriksyon lekti, ak yon konsantrasyon sou lekti atravè tout domèn nan kourikoulòm nan avèk atant yo idantifye klèman nan chak nivo ane eskolè ki gen kòm gid Estanda Lekti/Redaksyon Florid. Administratè lekòl la, antrenè pou lekti, Ekip Lidè pou Lekti, ak anplwaye distri a ofri yon sipò sistematik pou senkwonize egzekisyon plan an yon fason ki efikas.

Se yon gran varyete òganizasyon kominotè, enstitisyon edikasyon sipreyè ak ajans lokal ki sipòte CRRP K-12 la.

Pou plis enfòmasyon, kontakte Depatman Lekti/Redaksyon Lang Anglè nan 305-995-3122 oubyen vizite sit Entènèt depatman an nan <http://languageartsreading.dadeschools.net/>

## KOURIKOULÒM MATEMATIK JADENDANFAN - 12YÈM ANE ESKOLÈ

Yo fè Kourikoulòm Matematik K-12 la pou ankouraje enstriksyon nan salklas la ki pral ede elèv yo konprann e itilize matematik pou yo rezone, kominike, e rezoud pwoblèm ki nesesè pou siksè nan yon mond teknologik.

Pwogram etid yo mande pou Matematik nan M-DCPS reflete demand eta ak distri a, ki gen ladan “Mathematics Florida Standards (MAFS)” (Estanda Matematik Florid), jan yo prezante nan Gid Regilasyon Distri M-DCPS yo.

Objektif ak demand kourikoulòm matematik yo gen eleman ki ap suiv yo:

- Nan Jadendanfan - 5yèm ane eskolè, 60 minit enstriksyon konsekutif, san rete, chak jou nan matematik se yon pati nan pwogram etid yo mande a;  
Yo mande elèv ki gen andikap pou yo genyen menm tan enstriksyon avèk kamarad yo ki pa gen andikap.
- Nan 6yèm-8yèm ane eskolè, elèv yo dwe konplete twa klas lekòl mwayen yo avèk siksè oubyen kou  
matematik nan nivo ki pi wo, pou yo ka kite 8yèm ane eskolè pou ale nan lekòl segondè.
- Pou elèv ki ap antre nan 9yèm ane eskolè an 2016-2017, yo mande kat kredi matematik. Elèv yo dwe resevwa yon kredi nan Aljèb I e yon kredi nan Jewometri e yo dwe pase evalyasyon FSA  
estandardize EOC yo bay atravè eta nan Aljèb 1, oubyen fè yon nòt konparatif nan “Postsecondary Education Readiness (PERT)\*\*\*” (Preparasyon pou Edikasyon Apre Lekòl Segondè), yon fason pou yo ka resevwa yon diplòm estanda lekòl segondè.

Yo pral etabli nouvo nòt ki konsistan e konparatif pou nouvo evalyasyon an lè gen yon kantite elèv sifilan ki patisce nan toude evalyasyon yo e gen evalyasyon altènativ pou devlope rechèch konsistan/konparatif debaz la.

Nou ap ankouraje elèv yo pou yo patisce nan konpetisyon matematik tankou “DCCTM Elementary Math Bowl”, “MATHCOUNTS,” “Middlemtery Math Bonanza,” “Mu Alpha Theta,” ak defi matematik “SECME” (yon konpozan nan Eksposizyon STEM M-DCPS) la pou ede yo devlope e ogmante ladrès rezònman kritik ak rezolisyón pwoblèm.

Depatman Matematik M-DCPS fè patenarya avèk inivèsite lokal e enstitisyon matematik enfòmèl yo pou ofri pwogram ki ap amelyore devlopman pwofesyonèl pou pwofesè e kreye pwogram konpetisyon ak echanj, ansanm ak estaj e eksperyans matematik.

Pou plis enfòmasyon, silvouplè kontakte Michelle R. White, Direktris Egzekitif, Depatman Matematik ak Syans, nan 305-995-1939 oubyen vizite sit Entènèt depatman an nan <http://math.dadeschools.net/index.html>.

## KOURIKOULÒM SYANS JADENDANFAN - 12 YÈM ANE ESKOLÈ

Kourikoulòm syans K-12 "Miami-Dade County Public School (M-DCPS" (Lekòl Leta Miami-Dade County) a ede elèv yo jwenn konesans debaz sou syans ki nesesè pou yo reyisi nan edikasyon aprè lekòl segondè e sou mache travay la.

- Nou ap ankouraje elèv yo patisipe nan konpetisyon syans, ki gen ladan fwa syans nan nivo lekòl ak Distri, e Ekspozisyon STEM (Syans, Teknoloji, Jeni, ak Matematik) Miami- Dade pou ede yo devlope e elaji panse syantifik ak aplikasyon konesans yo nan jeni.
- Sit Entènèt Syans ki gen resous pou paran, elèv, ak pwofesè yo aksesib nan <http://science.dadeschools.net>.

"Department of Science (DoS)" (Depatman Syans) la devlope yon plan syans ki ofri yon apwòch òganize pou amelyore kapasite pou anseye syans e pou transfòme pratik enstriksyonèl ki konsantre sou fòmasyon konsèp ak rezoud pwoblèm, atravè aktivite rechèch enfòmasyon, aktivite pratik, ak entegrasyon teknoloji.

Dos nan patenarya avèk inivèsite lokal e enstitisyon syantifik enfòmèl yo pou ofri pwogram ki ap amelyore devlopman pwofesyonèl pou pwofesè; sipòte konpetisyon plan STEM elèv yo; patwone pwogram pou ankadre fanmi yo; e ofri estaj e eksperyans syans, an jeneral.

Pou plis enfòmasyon, silvouplè kontakte Dtè. Ava D. Rosales, Direktris Egzekitif, Depatman Matematik ak Syans, nan 305-995-1939 oubyen vizite sit Entènèt depatman an nan <http://science.dadeschools.net/>

## **NOUVO KOURIKOULÒM SYANS SOSYAL K-12 LA**

Kourikoulòm Syans Sosyal K-12 "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) a ede elèv akonpli konesans debaz sou syans sosyal ki nesesè pou jwenn siksè nan edikasyon aprè lekòl segondè e nan travay yo. Bi global enstriksyon syans sosyal se prepare elèv pou yo gen konesans, pou yo enfòme, e tounen sitwayen aktif nan yon kominote e yon nasyon ki ap vin gen plis divèsite e yon mond ki ap vin gen plis entèdepandans. Pwogram syans sosyal yo egziste pou pwomouvwa konpetans sivik e asire valè ak ideyal ki fòme republik demokratik nou an kontinye enspire jèn nou yo.

- Nou ankouraje elèv pou patisipe nan konpetisyon syans sosyal ki gen ladan: Nou Menm Pèp la, Sitwayen ak Konstitisyon an, Similasyon Jijman nan Lekòl Mwayen ak Segondè, ak Modèl Lekòl Mwayen ak Segondè Nasyonzini, Konkou Jewografi ak Istwa Lekòl Elementè, Mwayen, ak Segondè. Konpetisyon Oratwa Theodore Gibson, ofri plizyè opòtinite pou amelyore ladrès redaksyon elèv yo atravè konkou redaksyon pandan tout ane a.
- Chak ane, Depatman Syans Sosyal la pwodui resous enstriksyonèl ki gen rapò ak Jounen Konstitisyon, Jounen Patriyotik, Selebrasyon Semèn Libète, Mwa Eritaj Ispanik, Mwa Istwa Nwa, Mwa Istwa Fi, Edikasyon sou Karaktè, Mwa Istwa Ayisyen, Mwa Eritaj Azi Pasifik ak Mwa Eritaj Karayibeyen Ameriken.
- Gen resous adisyonèl ki egziste tou pou sipòte akizisyon ladrès pou elèv ak konesans ki gen rapò ak istwa lokal e konesans finansye debaz.
- Aktivite ki sipòte aprantisaj nan syans sosyal ki ka fèt lakay ap ofri elèv opòtinite pou analize sous enfòmasyon primè e segondè tankou tèks istorik, desen anime sou politik, enfografi, ak evènman aktyèl.
- Sit Entènèt Depatman Syans Sosyal la, <http://socialsciences.dadeschools.net>, ofri yon kantite enfòmasyon pou elèv ki ap sipòte pwogram enstriksyonèl syans sosyal K-12 la.

Pou plis enfòmasyon, silvouplè kontakte Msye. Robert C. Brazofsky, Direktè Egzekitif, Depatman Syans Sosyal, nan 305-995-1982 oubyen atravè lèt elektwonik, [rbrazofsky@dadeschools.net](mailto:rbrazofsky@dadeschools.net) oubyen vizite sit Entènèt depatman an nan <http://socialsciences.dadeschool.net/>

## PWOGRAM TELEFÒN ‘LIFELINE ASSISTANCE’ NAN FLORID

Kominikasyon ant paran ak anplwaye lekòl yo vital pou siksè yon elèv. Sepandan, pou kèk paran, kenbe kontak atravè telefòn enposib paske yo pa ka peye pou sèvis sa a. Erezman, pwogram “Lifeline Assistance” (Asistans Vital) la fèt pou asire tout rezidan Florid gen aksè nan sèvis telefòn ak koneksyon nan kay yo.

“Lifeline,” ki se yon pati nan Pwogram Sèvis Invèsel federal la, fèt pou fwaye ki gen revni ba, pou yo kapab resevwa yon kredi pou omwen \$9.25 chak mwa sou peman telefòn yo oubyen resevwa yon telefòn selilè “Lifeline” gratis ak minit chak mwa.

Anwolman nan pwogram nan fasil pou aplikan ki elijib yo. Paran yo kalifye si pitit yo enskri nan Pwogram Nasyonal Repa Midi Gratis la. Yo ka kalifye tou sou yon baz pwogram benefis publik gratis oubyen elijiblite selon revni yo.

Bwochi ak fòm aplikasyon “Lifeline” yo disponib ann Anglè, Espayòl ak Kreyòl sou paj prensipal “Public Service Commission (PSC)” (Komisyon Sèvis Piblik) Florid la:  
[www.floridapsc.com/consumerassistance/lifelineAssistance](http://www.floridapsc.com/consumerassistance/lifelineAssistance).

Pou plis enfòmasyon, aplikan yo ka rele konpayi telefòn lokal yo, Biwo Konseye Piblik la nan 1-800-540-7039 oubyen PSC nan 1-800-342-3552.

## KOMISYON KONSÈY LEKÒL MIAMI-DADE COUNTY

Komisyon Konsèy Lekòl Leta Miami-Dade County, Florida egzèse otorite lejislatif sou sistèm lekòl la, e li detèmine règ yo an konfòmite ak lwa Florid yo. Chak ofisyèl ki eli nan komisyon konsèy nèf-manm nan reprezante yon distri espesifik anndan county a.

Komisyon Konsèy Lekòl la fè reyinyon jeneralman yon fwa pa mwa, jou mèkredi a 11è dimaten nan oditoryòm nan ki nan premye etaj “School Board Administration Building (SBAB),” (Bilding Administrasyon Komisyon Konsèy Lekòl) la ki lokalize nan 1450 N.E. Second Avenue. Dat yo apwouve yo afiche nan “Citizen Information Center” (Sant Enfòmasyon Sitwayen) an nan SBAB, Chanm 102 e sou sit Entènèt Lekòl Leta Miami-Dade County nan:

[www.dadeschools.net/schoolboard/meetings/schedule.asp](http://www.dadeschools.net/schoolboard/meetings/schedule.asp). Reyinyon yo ouvè pou piblik la e yo difize yo andirèk sou WLRN-TV Kanal 17 e sou WLRN-FM 91.3 ansanm ak sou Entènèt nan [www.wlrn.org](http://www.wlrn.org).

Sitwayen yo ka adrese yo ak komisyon konsey la sou kesyon ki sou ajanda a oubyen sije ki pa sou ajanda a nan ranpli yon demand ekri nan Sant Enfomasyon Sitwayen an a 4:30 nan apremidi oubyen avan, nan lendi avan reyinyon an. Yo tande sitwayen yo sou sijè ki sou ajanda a oubyen sa ki pa sou ajanda Komisyon Konsèy la nan reyinyon regilye Komisyon Konsèy la pwograme chak mwa nan odyans piblik la ki dwe kòmanse pa pi ta pase apwoksimativman 6:30 diswa. Chèmann nan ka kòmanse rele moun ki vle pale e ki prezan imedyatman aprè konklizyon ajanda regilye a. Odyans piblik la pa dwe fini avan 4:30 nan aprèmidi amwenske tout moun ki siyen pou pale yo prezan e yo te ba yo opòtinite pou yo pale.

Ou ka jwenn delè e pwosedi ki diferan lè ou pa suiv delè lendi a, nan rele Sant Enfòmasyon Sitwayen an, nan 305-995-1128. Nenpòt moun ki gen pou pale e ki bezwen sèvis yon entèprèt Espanyòl oubyen Kreyòl, lè li ap pale devan Komisyon Konsèy la, dwe mande sèvis sa a lè l ap fè demand alekri pou l pale a.

Fòm demand pou parèt devan Komisyon Konsèy Lekòl la disponib sou Entènèt nan [cic.dadeschools.net](http://cic.dadeschools.net) nan tout Sant Rejyonal yo ak nan Sant Enfòmasyon Sitwayen an.

Nimewo faks la se 305-995-1151. Nou ka voye fòm yo tou ranpli atravè mesaj elektwonik nan: [Request4appearance@dadeschools.net](mailto:Request4appearance@dadeschools.net).

Biwo Manm Komisyon Konsèy Lekòl yo lokalize nan Bilding Administrasyon Komisyon Konsèy Lekòl la. Nou ka kontakte manm Komisyon Konsèy Lekòl yo nan 305-995-1334.

### **Manm Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid:**

- Chèmann - Perla Tabares Hantman (Distri 4)
- Vis-Chèmann - Dtè. Dorothy Bendross-Mindingall (Distri 2)
- Dtè. Lawrence Feldman (Distri 9)
- Susie V. Castillo (Distri 5)
- Dtè. Wilbert “Tee” Holloway (Distri 1)
- Dtè. Martin Karp (Distri 3)
- Lubby Navarro (Distri 7)
- Raquel Regalado (Distri 6)
- Dtè. Marta Pérez-Wurzt (Distri 8)

**AKADEMI PARAN AN**  
**Sèvi kòm Lyen pou Ede Ptit ou Reyisi Lekòl**

Lekòl Leta Miami-Dade County kreye “The Parent Academy” (Akademi Paran An) pou redui eka ki genyen ant lekòl ak lakay, nan konekte paran yo ak resous valab e enfòmasyon ki bay repons sou sijè ki kapab fè efè sou lavi timoun, tankou ede timoun yo aprann, ladrès paran, jesyón finans, ak sante e byennèt.

Akademi Paran An sipòte paran pou yo vin pi aktif nan edikasyon ptit yo nan ofri atelye gratis pandan tout ane a nan lekòl leta yo, bibliyotèk, plas biblik, kolèj, biznis prive ak sant nan katye yo atravè konte a. Sant Resous Lokal ki nan Konplèks Edikasyonèl Parkway la ofri paran opòtinite adisyonèl tou tankou sèvis aplikasyon gratis pou sitwayènte, kou òdinatè debaz ak aksè Entènèt gratis nan Espas Entènèt pou Paran li a. Paran yo gen opòtinite pou patisipe nan atelye ki sou menm liy avèk bezwen yo e ki apwopriye avèk lakay yo e kote y ap travay.

Kourikoulòm Akademi Paran an ede ofri paran yo plis ladrès, konesans ak konfyans nan tèt yo pou yo ka defann edikasyon ptit yo.

Akademi Paran An asosye avèk òganizasyon kominotè yo pou li prezante aktivite enteresan pou fanmi aprann e ki ankouraje tout fanmi an aprann ansanm. Evènman tèm yo fêt nan andwa ki amizan, edikatif e kiltirèlman anrichisan. Evènman sa yo konbine sijè akademik, eksplorasyon ak dekouvèt pandan yo ap ankouraje echanj pozitif ant paran e timoun. Sou sit Entènèt Akademi Paran An n ap jwenn lis aktivite ak atelye yo pral ofri yo.

Pou plis enfòmasyon, silvouplè rele Akademi Paran An nan 305-995-2680 oubyen vizite sit Entènèt nou an nan [www.theparentacademy.dadeschools.net](http://www.theparentacademy.dadeschools.net).

## PATISIPASYON PARAN: SE KLE POU REYISIT ELÈV

Pandan elèv yo ap retounen lekòl, paran yo ranpli ak espwa pou pitit yo reyisi. Bagay ki pi enpòtan paran ka fè se patisipe nan edikasyon pitit yo.

Yo ankouraje paran yo ale nan aktivite lekòl ak reyinyon yo, espesyalman nan “Open House” (Jounen pou Vizite Lekòl) yo fè chak ane a. Antre nan “PTA - Parent-Teacher Association” (Asosyasyon Paran-Pwofesè) oubyen “PTSA - Parent-Teacher-Student Association” (Asosyasyon Paran-Pwofesè-Elèv) lekòl yo e patisipe nan “Educational Excellence School Advisory Council (EESAC)” (Konsèy Lekòl sou Ekselans Edikasyonèl) se lòt fason ki ekselan pou angaje w. Patisipasyon sa a enpòtan nan chak nivo edikasyon pitit ou a, espesyalman nan ane kritik adolesans yo. Paran bezwen kenbe komunikasyon ouvè e onèt epi travay ansanm avèk pwofesè yo pou asiste elèv yo nan pran desizyon akademik e planifye pou lavni.

Paran ka jwenn enfòmasyon edikasyonèl, resous kominotè, anons, kalandriye aktivite ak atelye nan lekòl pitit yo ye oubyen lè yo ale nan gid “Frequently Asked Questions” (Kesyon Moun Poze Souvan) yo nan [www.engagemiamidade.net/-!frequently-asked-questions-guide/c1jtm](http://www.engagemiamidade.net/-!frequently-asked-questions-guide/c1jtm).

Yo bay paran yo plizyè rapò atravè Pòtal Paran an pandan ane a pou asiste yo nan evalye siksè elèv yo a, ansanm ak pèfòmans lekòl la an jeneral. Règ Komisyon Konsèy Lekòl la sou patisipasyon paran (Patisipasyon Paran 2111 – Yon Patenarya Lakay-Lekòl - Distri) detaye dwa ak responsablite paran yo pandan y ap travay ak lekòl la pou asire siksè elèv la. Gen anpil rapo ki montre

Kèk lòt etap enpòtan chak paran dwe pran gen ladan:

- Ede pitit ou devlope bon abitim pou etid, bay pitit ou yon kote ki anpè, byen klere ak yon biwo oubyen tab pou l fè devwa l chak swa;
- Asire ou pitit ou prepare pou l aprann, nan pran bonjan repo ak nouriti e asire w li prepare emosyonèlman pou l etidye chak jou;
- Ofri ankourajman, asiste, gide pitit ou pou l ka fè devwa ki difisil e rezoud pwoblèm sosyal yo poukout li; e
- Kenbe kontak ak pwofesè pitit ou nan voye nòt alekri oubyen mesaj pa lèt elektwonik, e fè aranjman pou pale nan telefòn oubyen fè konferans an pèsòn. Anplwaye biwo lekòl la, asistan direktye a oubyen konseye a ap asiste w nan fè aranjman pou reyinyon sa yo.

Pou plis enfòmasyon, paran ta dwe kontakte administrasyon lekòl la, oubyen kontakte Biwo Angajman Kominotè a nan 305-995-1265 oubyen vizite [www.engagemiamidade.net](http://www.engagemiamidade.net) .

## **PWOGRAM AN KREYÒL POU KOMINOTE AYISYEN-AMERIKEN AN**

Lekòl Leta Miami-Dade County prezante de (2) pwogram radyo pou oditè ki pale Kreyol yo: Radyo Lekòl sou WLRN 91.3, ak yon Radyo Lekòl sou WSRF-AM 1580. Toude pwogram yo se konsènan nouvèl sou edikasyon.

Pwogram WLRN nan pase lendi – vandredi a 9:06 diswa. Pwogram WSRF la pase jou mèkredi a 10:30 dimaten.

Pou plis enfòmasyon, rele Carline Faustin, Direktris/Prezantatris, Biwo Zafè Ayisyen nan Biwo Kominikasyon, nan 305-995-1188 oubyen Simone Degraff, Espesyalis Medya/Prezantatris, nan 305-995-4247.

## BIWO REJYON YO

Yo soudivize Lekòl Leta Miami-Dade County an twa rejyon. Chak rejyon gen ladan yon sipèntandan rejyon ak anplwaye ki responsab pou bay paran ak elèv sipò ak asistans.

Paran ka adrese kesyon oubyen sousi yo genyen konsènan lekòl pitit yo, ki pa rezoud nan nivo lekòl la, bay yon direktè Sant Rejyon. Si paran yo pa satisfè ak rezulta yo jwenn nan, yo ka ale ann apèl kont desizyon an devan sipèntandan rejyon an nan Sant Rejyon an.

Yo ka adrese kesyon ki gen rapò avèk limit, prezans e règleman sou transfè nan Sant Rejyon an. Men adrès ak nimewo telefòn biwo yo:

BIWO REJYON NÒ	BIWO REJYON SANTRAL	BIWO REJYON SID
733 East 57 St. Hialeah, FL 33013 305-572-2800	5005 N.W. 112 Avenue Doral, FL 33178 305-499-5050	18180 S.W. 122 Avenue Miami, FL 33177 305-252-3041
<b>Sipèntandan Rejyon:</b> Vivian M. Santiesteban-Pardo	<b>Sipèntandan Rejyon:</b> Dtè. Albert Payne Jr.	<b>Sipèntandan Rejyon:</b> Barbara A. Mendizábal
<b>Direktè Administratif Rejyon:</b> Sally J. Alayon Jose Bueno Dtè. Verena Cabrera Andy J. Pierre-Louis Dtè. Charmyn M. Kirton	<b>Direktè Administratif Rejyon:</b> Dtè. Jacques Bentolila Dtè. Janice Cruse-Sanchez Lourdes P. Gimenez Amelia P. Leth Michael A. Lewis Annamarie Moreiras	<b>Direktè Rejyon:</b> Lucy C. Iturrey Ana Othon Leonard Ruan Ana L. Rodriguez Reva A. Vangates

### EDIKASYON ADILT/VOKASYONÈL/ALTÈNATIF AK LEKÒL KOMINOTÈ

1450 N.E. 2<sup>nd</sup> Ave., 8<sup>th</sup> floor  
Miami, FL 33132

**Asistan Sipèntandan**  
Robert Gornto

#### **Direktè Administratif:**

Dtè. Reginal H. Johnson – Lekòl Adilt/Vokasyonèl/Kominotè  
Luis E. Diaz – Edikasyon Altènatif

**NÒT:** Biwo Rejyon yo pa sipòte lekòl “charter” yo. Nou dwe dirije kesyon konsènan lekòl “charter” yo bay Biwo Sipò Lekòl Charter nan 305-995-1403 oubyen [cso@dadeschools.net](mailto:cso@dadeschools.net). Chak Biwo Rejyon sipèvize lekòl segondè ak anchènman lekòl ki konekte avèk yo. Men lis lekòl segondè ki nan chak Biwo Rejyon:

<b>BIWO REJYON NÒ</b>	<b>BIWO REJYON SANTRAL</b>
<p>American Senior High  Barbara Goleman Senior High  Hialeah Gardens Senior High  Hialeah Senior High  Hialeah-Miami Lakes Senior High  Dr. Michael M. Krop Senior High  Jose Marti MAST 6-12 Academy  MAST @ FIU Biscayne Bay Campus  Miami Beach Senior High  Miami Lakes Educational Center  Alonzo &amp; Tracy Mourning Senior High  Miami Carol City Senior High  Miami Norland Senior High  North Miami Beach Senior High  North Miami Senior High  Westland Hialeah Senior High  Lekòl sa a anba menm Anchènman Lekòl avèk  Lekòl Segondè Hialeah    Sant SPED  Robert Renick Educational Center</p>	<p>Coral Gables Senior High  Design &amp; Architecture Senior High  International Studies Preparatory Academy  iPreparatory Academy  Law Enforcement Officers Memorial High  Maritime &amp; Science Technology Academy (MAST)  Miami Central Senior High  Miami Coral Park Senior High  Miami Edison Senior High  Miami Jackson Senior High  Miami Northwestern Senior High  Miami Senior High School  Miami Springs Senior High  New World School of the Arts  Ronald W. Reagan/Doral Senior High  South Miami Senior High  William H. Turner Technical Arts High  Booker T. Washington Senior High  Young Men's Preparatory Academy  Young Women's Preparatory Academy  iTech@Thomas A. Edison Educational Center</p>

<b>BIWO REJYON SID</b>	
<p>Academy for Advanced Academies (AAA)  Arthur &amp; Polly Mays Conservatory of the Arts  Bio-Tech@Richmond Heights  G. Holmes Braddock Senior High  Center for International Education/Cambridge School  Coral Reef Senior High  Cutler Bay High School  John A. Ferguson Senior High  Homestead Senior High  MAST @ Homestead  Miami Arts Studio 6-12 @ Zelda Glazer  Miami Killian Senior High  Miami Palmetto Senior High</p>	<p>Miami Southridge Senior High  Miami Sunset Senior High  Robert Morgan Educational Center  School for Advanced Studies - North  School for Advanced Studies - South  School for Advanced Studies - Wolfson  School for Advanced Studies - Homestead  South Dade Senior High  Southwest Miami Senior High  TERRA Environmental Research Institute  Felix Varela Senior High</p>

## SEKIRITE NAN LEKÒL POU 2016-2017

Sekirite se priyore prensipal “Miami-Dade County Public School (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County). Sa ki gen menm enpòtans se resous enfòmasyon kòrèk sou kòman pou w rapòte krim ak lòt sitiyasyon ki ka afekte kominote lekòl nou an.

Sistèm Endis Distri a pou Repòtaj Anonim nan rele “**Be Safe**” (Fò w Ansekirite), ki gen ladan voye mesaj tèks, ansanm ak sipò Entènèt ak telefòn pou fè rapò yon fason ki anonim sou sousi sekirite ki genyen nan lekòl. Sistèm rapò “Be Safe” la pèmèt elèv, anplwaye, paran oubyen publik la rapòte ensidan kote gen krim, zam, dwòg oubyen lòt sousi sekirite ki genyen nan lekòl yo; konsa y ap redui laperèz pou vanjans e evite lòt ensidan.

Yo ka sèvi ak “Be Safe” pou adrese nenpòt krim, dezòd, oubyen konpòtman endisipline e li se yon zouti prevansyon ki patikilyèman efikas pou ankouraje elèv ak lòt moun pou yo rapòte ensidan ki menase sekirite anviwònman lekòl la.

“Be Safe” disponib nan itilize nenpòt nan twa Opsyon sa yo:

- Fè Rapò sou **ENTÈNÈT**: Yo mete lyen sou paj dadeschools.net yo ki pral redirije itilizatè a sou [BeSafe.dadeschools.net](http://Besafe.dadeschools.net). Gen yon fòm anonim pou ranpli e voye nan moman sa a. Aksè Dirèk: <http://Besafe.dadeschools.net>.
- **MESAJ TÈKS**: Avèk yon telefòn selilè, ou ka voye yon mesaj tèks nan 274637 (CRIMES) avèk mesaj tèks la ki kòmanse avèk mo kle “BESAFE,” e endis anonim nan ki vin aprè.
- Fè Rapò nan **TELEFÒN**: **305-995-COPS (2677)** OUBYEN **305-4 POLICE (765423)**.

Gen tou plizyè **bwat depo** ki lokalize nan lekòl yo kote elèv yo ka rapòte krim ak lòt ensidan e rete anonim.

M-DCPS ak lapolis lekòl la aksepte tou endis anonim an pèsonn, e yo pwomèt pou yo toujou pwoteje idantite moun ki ta vle vin bay enfòmasyon konsènan sekirite nan lekòl nou yo.

Patenarya Distri a avèk Pwogram “**Miami-Dade Crime Stoppers**” (**Sispenn Krim nan Miami-Dade**) ak lòt òganizasyon pèmèt publik la rele 305-471-TIPS (8477), ale sou <http://www.crimestoppersmiami.com/>, aplikasyon mobil “Tip Submit” (Voye Endis) oubyen atravè sit Entènèt Lapolis la: <http://mdspolice.com/miami-dade-schools-police-be-safe/> pou bay enfòmasyon pandan yo rete anonim. Moun ki bay enfòmasyon kapab elijib pou rekonzans lajan.

### Wè yon Bagay, Di yon Bagay

Kanpay sansibilizasyon publik ki ap fèt atravè peyi a “If You See Something, Say Something™” (Si Ou Wè yon Bagay, Di yon Bagay) – se yon pwogram senp e efikas pou ogmante sansibilizasyon publik la sou endikatè aktivite sispèk e rapòte konpòtman oubyen aktivite yo bay lapolis lokal oubyen nan ka yon ijans rele 9-1-1. Silvouplè rele 855-FLA-SAFE (352-7233) oubyen 305-995-COPS (2677).

Anplis, paran e moun ki ap bay swen ki ap kondui **nan zòn sekirite lekòl yo** oubyen nan zòn ki pre lekòl yo, jwe yon wòl enpòtan nan ogmante sekirite toupre lekòl yo, lè yo suiv pratik kondui ansekirite. Nan lè elèv ap rive lekòl e lè y ap kite lekòl, chofè yo souvan prese e yo distrè. Tandans sa a ka lakoz move kondisyon sekirite pou elèv ak lòt moun k ap mache, woule bisiklèt, e kondui machin nan zòn nan, donk silvouplè, kontwole sa ki ap pase bò kote nou e obeyi tout lwa sikilasyon yo lè n ap kondui machin nan zòn lekòl yo. Pa voye mesaj tèks e kontwole vitès nou.

Pou rapòte **elèv k ap fè woul**, manm kominate a ka rele 305-371-SKIP (7547). Moun ki reponn liy enfòmasyon yo se moun ki antrene pou sa, ki anrejistre enfòmasyon an e asire yon repons rapid bò kote Depatman Polis Lekòl Miami-Dade la oubyen lòt ajans aplikasyon lalwa ki apwopriye.

M-DCPS gen yon plan detaye ki rele “Emergency Operation Plan” (Plan Operasyon Ijans) ki bay anplwaye lekòl yo machasuiv ak pwosedi pou yo adrese yon varyete ensidan kritik ki ka rive nan lekòl yo. Anplis, sistèm lekòl la genyen yon “District Critical Incident Response Team (DCIRT)” (Ekip Jesyon Ensidan Kritik nan Distri a) ki disponib pou asiste lekòl yo si gen nenpòt ensidan kritik. DCIRT satisfè estanda “National Incident Management System” (Sistèm Nasional pou Jere Ensidan) an.

Gen enfòmasyon adisyonèl ki disponib sou sit Entènèt nou an nan [mdspolice.com](http://mdspolice.com).

## **EGZAMEN ESTANDADIZE**

Yo mezire siksè ak pwogrè elèv nan Lekòl Leta Miami-Dade County (M-DCPS) chak ane avèk egzamen estandadize distri, eta ak nasyonal yo

Lis ki anba a gen kèk nan egzamen enpòtan yo.

“Florida Standard Assessment (FSA)” (Evalyasyon Estanda Florid), te ranplase evalyasyon “Florida Comprehensive Assessment Test (FCAT) 2.0” (Egzamen Evalyasyon Konpreyansif Florid 2.0) pou Lekti ak Matematik an 2014-2015. Nouvo evalyasyon yo pral mezire pwogrè ak akonplisman chak elèv nan Estanda Florid yo.

Yo pral administre evalyasyon FSA ki ap suiv yo:

- Lekti/Redaksyon Anglè (ELA) nan 3yèm-10yèm ane eskolè ki gen ladan Lekti, Lang, ak Ekout; yo mete tou yon pati Redaksyon nan 4yèm-11yèm ane eskolè
- Matematik nan 3yèm-8yèm ane eskolè
- Aljèb 1 EOC
- Aljèb 2 EOC
- Jewometri EOC

Nouvo egzamen yo ap ofri yon evalyasyon ki pi reyèl sou FSA yo, paske yo gen plis pase kesyon chwa miltip. Yo mande elèv pou yo kreye tablo, fè entèraksyon avèk kontni egzamen yo e ekri ak reponn fason ki diferan pase sa ki nan egzamen tradisyonèl yo. Nouvo kalite kesyon sa yo evalye ladrès rezònman ki pi wo lakay elèv yo, nan fè fas ak atant FSA yo.

Anplis, y ap kontinye evalye “Next Generation Sunshine State Standards (NGSSS)” (Estanda Nouvo Jenerasyon Eta ‘Sunshine’) avèk FCAT 2.0 Syans nan 5yèm ak 8yèm ane eskolè; Repriz Lekti FCAT 2.0; Repriz EOC Aljèb 1; EOC Biyoloji 1; EOC Sivik; ak EOC Istwa Etazini.

Yo kalkile evalyasyon FSA ak NGSSS EOC nan Aljèb 1, Aljèb 2, Biyoloji 1, Sivik, Jewometri, ak Istwa Etazini kòm 30 poustan nan nòt final elèv yo pou kou a. Se elèv ki enskri nan kou EOC ki elijib yo ki ap pran evalyasyon sa yo, kèlkeswa nivo ane eskolè yo.

Demand egzamen pou gradyasyon yo varye, baze sou lè yon elèv antre nan 9yèm ane eskolè (gwoup elèv). Nou ap jwenn demand enfòmasyon detaye sou gradyasyon, pou chak gwoup elèv sou sit Entènèt Depatman Edikasyon Florid la nan (<http://wwwfldoe.org/academics/graduation-requirements>).

Elèv ki te antre nan 9yèm ane eskolè nan gwoup elèv 2012-2013 yo, dwe fè yon nòt pasaj nan egzamen gradyasyon Lekti FCAT 2.0 a pou yo ka satisfè demand pou yon diplòm lekòl segondè estanda. Elèv ki pa fè yon nòt pasaj nan Lekti ap gen lòt opòtinite pou yo repran egzamen an nan otòn ak prentan.

Elèv ki te antre nan 9yèm ane eskolè nan gwoup elèv 2013-2014 yo e aprè, dwe fè yon nòt pasaj nan evalyasyon FSA yo kòm yon demand egzamen pou lekòl segondè, e yo gen opòtinite tou pou yo repran evalyasyon an, si yo pa fè yon nòt pasaj.

Elèv yo ka aplike tou nòt pasaj ki konsistan nan ACT oubyen SAT pou satisfè demand egzamen pou gradyasyon lekòl segondè nan Lekti (FCAT 2.0) oubyen ELA (FSA).

**“The Postsecondary Education Readiness Test (PERT)” (Egzamen Preparasyon pou Edikasyon Aprè Lekòl Segondè)** se yon evalyasyon preparasyon pou kolèj. Elèv ka aplike yon nòt pasaj konparatif nan pòsyon matematik PERT la pou satisfè demand egzamen pou gradyasyon lekòl segondè pou Aljèb 1.

“The Stanford Achievement Test 10th Edition (SAT-10)” (Egzamen Akonplisman ‘Stanford’ 10yèm Edisyon) se yon egzamen estanda nasyonal yo itilize pou konpare pèfòmans elèv lokal avèk lòt elèv pa nan peyi a. Ann avril, yo ap administre SAT-10 la pou elèv jadandanfan, 1ye-ak 2yèm ane eskolè pou evalye ladrès yo nan lekti ak matematik.

“Access for ELLs 2.0” (Aksè pou ELL 2.0) eta a se yon evalyasyon sou konpetans kat-ladrès nan lang-Anglè yo ap administre an mas/avril pou tout elèv nan jadandanfan-12yèm ane eskolè yo klasifye kòm “English Language Learners (ELL)” (Elèv ki ap Aprann Lang Anglè). Access for ELL mezire abilite elèv pou tandem, li, ekri e pale Anglè, e rezulta yo bay enfòmasyon sou fòs ak feblès elèv yo nan Anglè ak pwogrè jeneral yo pi devan.

Dosye travay Lekti Elèv 3yèm ane eskolè a mezire konpetans elèv nan estanda eta a chwazi nan lekti. Yo ap administre dosye travay a pou elèv 3yèm ane eskolè nan dezyèm semès ane lekòl la.

Yo ap bay elèv egzamen Evalyasyon Pwovizwa Distri a ant 3yèm-10yèm ane eskolè an otòn e ivè. Yo deziyen egzamen sa yo pou mezire estanda ak referans elèv Florid nan lekti (3yèm-10yèm ane eskolè), matematik (3yèm-8yèm ane eskolè), syans (5yèm, 8yèm ane eskolè), ak tout kou EOC elijib (Aljèb 1, Aljèb 2, Biyoloji 1, Sivik, Jewometri, ak Istwa Etazini) pwofesè pral itilize yo pou idantifye fòs ak feblès elèv nan entrikson yo vize, e pou siveye pwogrè elèv yo.

Yo evalye tout elèv jadandanfan pou preparasyon antre lekòl pandan 30 premye jou lekòl yo kòm pati nan “Florida Kindergarten Readiness (FLKRS)” (Depistaj Preparasyon pou Jadandanfan Florid). FLKRS mezire ladrès li ak ekri bonè yo bezwen pou fè siksè nan jadandanfan.

“Florida Assessment for Instruction in Reading (FAIR)” (Evalyasyon Florid pou Enstriksyon nan Lekti) ak ‘iReady’ evalye pwogrè elèv la nan devlope ladrès kritik nan lekti ak matematik, e yo administre yo nan otòn, ivè, ak prentan. iReady ki gen yon eleman enstriksyonèl tou, yo administre li pou tout elèv nan Jedandanfan-8yèm ane eskolè. Yo administre FAIR pou elèv yo seleksyonan 9yèm – 12yèm ane eskolè.

Elèv yo kapab chwazi tou pou yo patisce nan pwogram ki ap suiv yo Konsèy Administrasyon Kolèj la ak "ACT" Inc. ofri:

- “PSAT” se yon egzamen y ap bay tout elèv 10yèm ane eskolè ak elèv 9yèm ak 11yèm ane eskolè ki enterese, ann oktòb. PSAT a ofri pratik pou pran egzamen SAT e li se egzamen ki detèmine si elèv la kalifye pou pwogram "National Merit Scholarship" (Bousetid ‘Merit’ Nasional). Nan eseye ranfòse preparasyon pou kolèj e pou sipòte seleksyon kou ki pi rijid pami elèv nan lekòl segondè nan Florid, eta Florid te fòme yon patenarya avèk Konsèy Administrasyon Kolèj la

pou peye frè egzamen pou tout elèv 10yèm ane eskolè ka patisipe nan PSAT a.

- Egzamen SAT, ak ACT egzamen opsyonèl pou antre nan kolèj, elèv yo ka pran nan lè yo pwogramme pandan tout ane lekòl la. Elèv ki ap pran SAT oswa ACT a ka mande pou yo voye nòt yo bay kolèj oubyen inivèsite yo chwazi yo.

Yo fè elèv ak fanmi yo konnen rezulta egzamen yo nan yon tan rezonab. Lekòl elèv yo ba elèv yo rezulta pwogram egzamen distri ak eta yo pou pote lakay, e yo poste yo sou Pòtal Paran Distri a. Paran ki bezwen èd pou yo entèprete nòt sa yo, dwe kontakte pwofesè pitit yo oubyen konseye gidans yo.

Pou plis enfòmasyon sou egzamen sa yo ak lòt egzamen, tcheke kalandriye egzamen an sou sit Entènèt distri a nan [www.dadeschools.net](http://www.dadeschools.net). Gen plis enfòmasyon sou chak pwogram egzamen yo ki disponib nan <http://oada.dadeschools.net/TestChairInfo/InfoForTestChair.asp>.

## DOSYE ELÈV AK ENFÒMASYON KONFIDANSYÈL

"Family Educational Rights and Privacy Act" (Akò sou Dwa Edikasyonèl ak Vi Prive Fanmi) ak seksyon 1002.22, Lwa Florid, pwoteje vi prive, e yo garanti paran, gadyen ak elèv aksè sou enfòmasyon ki nan dosye edikasyonèl elèv yo. Paran an gen dwa pou l'kesyone egzaktitud dosye sa yo.

Daprè lwa sa yo, yon moun pa gen dwa devwale enfòmasyon ki nan dosye yon elèv san konsantman davans paran an, gadyen an oubyen elèv ki elijib la, sof nan ka eksepsyon ki mansyone nan lwa anwo yo. Lwa yo genyen kèk eksepsyon konsènan demand konsantman davans pou livre dosye elèv ki gen ladan, men ki pa limite ak, ofisyèl lekòl yo ki gen yon enterè lejitim nan zafè edikasyon, e nan ka kote tribinal voye manda oswa pase lòd tribinal. Lwa yo bay tou paran ak elèv ki depase laj 18 ane, ki kesyone validite done sa yo, pèmisyon pou mande yon rankont. Si yo refize damand la nan nivo lekòl la, yo ka fè yon apèl devan Sipèentandan Rejyon an. Si yo refize damand la nan nivo rejyon an, yo ka fè yon apèl nan Divizyon Sèvis Elèv la. Pou asire respè lwa yo, sistèm lekòl la pibliye enfòmasyon detaye ki di fason pou kenbe e livre dosye elèv yo. Enstriksyon sa yo nan Manyèl Dosye Edikasyonèl Elèv la, yo mete kòm referans nan Règleman Komisyon Konsèy Lekòl 8330.

Ckak lekòl dwe avèti paran, gadyen oubyen elèv ki elijib yo anyèlman e alekri, sou dwa yo genyen pou yo enspekte e revize dosye elèv yo. Yon fwa yon elèv genyen 18 ane oubyen li nan yon enstitusyon ki bay edikasyon aprè lekòl segondè, pèmisyon oubyen konsantman yo te mande paran yo, e dwa yo te akòde yo, vin transfere bay elèv la sèlman, amwenske elèv la kalifye kòm yon depandan selon lwa a.

Elèv yo dwe kontakte biwo enskripsiyon lekòl yo si yo vle voye relve nòt yo bay kolèj oubyen sèvis ki bay bousetid yo.

## **TRANSPÒTASYON LEKÒL**

Lekòl Leta Miami-Dade County ap bay transpòtasyon pou plis pase 60,000 elèv pa jou pou ane lekòl sa a, l ap itilize 1,300 otobis sou prèske 1,100 wout bis lekòl yo pase. Yo bay sèvis transpòtasyon an pou elèv ki abite nan yon distans plis pase de (2) "miles" (3.22 km) pa rapò ak lekòl yo, e pou elèv ki gen bezwen espesyal.

Anvan lekòl ouvri, paran tout elèv ki elijib pou transpòtasyon ap resevwa yon kat postal ki soti nan Distri a ki ap idantifye estasyon ak lè otobis la ap pase pran elèv la e kilè l ap depoze li.

Yo ap poste enfòmasyon konsènan otobis elèv yo sou Pòtal Paran an tou nan [www.dadeschools.net](http://www.dadeschools.net) kòmanse jedi 11 out 2016. Yo ap renouvre enfòmasyon sa yo chak swa. Yo ankouraje paran yo pou yo tcheke enfòmasyon yo pandan tout ane lekòl la pou yo ka gen enfòmasyon ki pi ajou sou ki otobis pitit yo ap gen pou yo pran.

Paran ki enterese konnen si pitit yo elijib pou jwenn transpòtasyon ta dwe kontakte lekòl pitit yo a pou enfòmasyon.

## **KANPAY ANPLWAYE AK ELÈV POU “UNITED WAY” NAN DISTRI A PRAN PREMYE PLAS NAN TOUT PEYI A**

Nan selebre 42 ane patenarya, anplwaye ak elèv Lekòl Leta Miami-Dade County te kontribye plis pase \$34 milyon pou United Way, e yo pran devan tout sistèm lekòl nan peyi a nan fè kanpay.

Pou anpil elèv, patisipe nan kanpay la vin tounen yon eksperyans pou aprann ki fè sans. Kanpay United Way pou ane sa a ap kòmanse 3 oktòb rive 31 oktòb.

United Way ede timoun ak jèn jwenn siksè nan lekòl e retire yo lari a, li asire gramoun yo jwenn swen ak akonpayman, li bay fanmi yo zouti yo bezwen pou yo rete ansanm, li ede moun rete ansante e byen pòtan, li fè pwomosyon endepandans ekonomik, e li chèche èd vit lè gen ijans.

Pou plis enfòmasyon, silvouplè kontakte Diana Venturini, Direktris, Biwo Angajman Kominotè, nan 305-995-1367.

## PWOGRAM VOLONTÈ LEKÒL

Pwogram Volontè Lekòl la gen ladan volontè serye e ki gan talan ak konseye ki ap sèvi lekòl nou yo pou sipòte objektif Distri a ki se siksè elèv yo. Volontè yo travay anba direksyon Direktè a e/oubyen lyezon volontè lekòl la, e yo konsidere yo kòm patnè nou nan edikasyon. Avan yo kòmanse sèvi, tout volontè dwe enskri nan pòtal M-DCPS la kote y ap fè yon rechèch konpreyansif konplè sou istwa pase yo. Gen plis pase 20 aktivite volontè ou ka chwazi, tankou:

- Asistans nan Salklas – ede yon pwofesè avèk bezwen endividiyèl salklas la.
- Bay Leson – travay avèk ti gwoup nan salklas la anba direksyon pwofesè a pou ede avèk travay akademik elèv la.
- Siveye nan Pwomnad – ede pwofesè ak elèv lè gen pwomnad.
- Asiste nan Klib – gen ladan klib ki la pou ranfòse lekòl ak lòt òganizasyon ki gen rapò ak lekòl.
- Disponib pou Koute – yon adilt ki se zanmi yon timoun, anba direksyon yon konseye lekòl.
- Bay Konsèy – yo mete volontè yo youn a youn avèk elèv oubyen an ti gwoup. Wòl yo se ofri yon sistèm sipò pou elèv yo.

Pou enskri kòm volontè nan yon lekòl, kontakte biwo prensipal lekòl ptit ou ye a pou w ka pale avèk Lyezon Volontè Lekòl la oubyen vizite sit Entènèt nou an nan dadeschools.net e enskri nan pòtal paran oubyen pòtal kominotè a.

Pou plis enfòmasyon sou kijan pou vin yon konseye oubyen volontè sètifye silvouplè rele 305-995-2995.

## RADYO, TELEVIZYON PIBLIK WLRN AP SÈVI KOMINOTE SID FLORID LA

Radyo ak Televizyon Piblik WLRN se yon antrepriz ki gen divès aspè ki lisansye anba Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, ki gen pwopriyete televizyon, radyo ak medya enstriksyonèl. Pami medya difizyon yo gen WLRN-TV 17 ki afilye avèk (PBS), e WLRN-FM 91.3 ak WKWM-FM 91.5 (ki sèvi 'Florida Keys') ki afilye ak (NPR) ak 101.9FM, NPR pou 'Palm Beaches'.

WLRN-TV gen yon piblik telespektatè plis pase 530,000 fwaye pa mwa pamí kliyantè li nan Miami/Ft. Lauderdale, avèk yon ekstansyon ki kòmanse anba Palm Beach County rive Key West. WLRN antèt pami estasyon PBS "Ready To Learn (RTL)" (Pare pou Aprann) nan Sid Florid ki gen douzèdtan pwogramasyon selèb pou timoun. WLRN prezante tou meyè pwogram PBS yo rekonèt nasionalman pou konplete kontni yo pwodui e yo jwenn lokalman. Orè nou pou kòmansman sware a gen ladan yon varyete pwogram sou lanati, istwa, mistè, sa k ap pase nan peyi Angletè, ak dokimantè espesyal orijinal WLRN pou adrese enterè divès kominote Sid Florid la. WLRN-TV kontinye difize pwogram distenge PBS ki ranpòte prim, tankou "*Nature*", "*Nova*", "*American Experience*", "*Antiques Roadshow*" ak "*Antique Roadshow*".

Anplis, WLRN-TV pwodui dokimantè televize ki resevwa prim ki fè gwo efè nan Sid Florid la e li distribye kontni sa yo nasionalman bay lòt estasyon PBS. Pami dokimantè orijinal ki ranpòte Prim yo, genyen: "*Deep City: The Birth of the Miami Sound*," yon istwa konsènan de (2) jeni mizikal, Willie Clarke ak Johnny Pearsall, ki te kreye premye konpayi pwodiksyon disk nan Florid, ki se pwopriyete moun nwa, yo te rele "*Deep City Records*" nan mitan ane 60 yo ak "*Treblinka's Last Witness*," yon fim pasyonan e emosyonèl kote dènye sivivan moun konnen, Samuel Willenberg, an pèsòn, rakonte lavi li pandan "*Holocaust*" (Jenosid Nazi yo) e kòm yon prizonye Juif nan Treblinka, youn nan twa Kan Lanmò "*Aktion Reinhard*" yo. Telespektatè yo ka rete tann yon dokimantè ki pral soti "*Wynwood Walls*," yon fim inèdtan ki rakonte istwa atis ki pèfòme nan lari, ki rankontre nan katye Wynwood nan vil Miami pou kolore e fè konpetisyon pandan "*Art Basel*" chak desanm.

WLRN ajoute istwa kout, yo mete nan mitan pwogramasyon regilye a, ki prezante istwa san parèy, kiltirèl e natirèl ki fè Sid Florid la espesyal. Telespektatè yo ka pwofite kounye a bonjan istwa Florid yo pral entegre san tranzisyon nan pwogram nan pou rakonte yo istwa bon kalite, san rete. Pami fim kout yo genyen:

*The Fort On The River*, yon rega detaye sou fason Fort Lauderdale evolye, soti nan devlopman li kòm yon Fò akote "New River" toupre kote Dezyèm Gè Seminole la te fini, pou I vin tounen yon paradi yo bay ti non "Venice of America."

*The Thousand Islands*, prezantatè Rey Becerra fè nou vwayaje atravè "Ten Thousand Islands" (Dis Mil Zile), yon labirent dlo ak plant twopikal ki lokalize nan Pak Nasional 'Everglades.' Nou eksploré sistèm ekolojik delika zile yo ki non sèlman sèvi kòm abri pou anpil vi, men dlo yo ki pa fon sèvi kòm yon espas pwopis pou devlopman divès espès maritim.

### *Plight of the Plume Birds*

Nan mitan 19yèm syèk la, zwazo plonjon ki nan ‘Everglades” te prèske fin detwi akoz chasè yo te touye yo pou vann nan endistri ki ap fè chapo. Jodi a, zwazo sa yo toujou ap goumen pou yo fè fas ak lòt menas lèzom kreye.

### *Key West Wreckers*

Pandan bél epòk bato a vwal yo, plis pase 100 bato te konn pase chak jou toupre Key West. Yo te konsidere dlo yo t ap navige ladan an kòm youn nan dlo ki te pi trèt nan lemond. An mwayèn, omwen youn bato te fènofraj pa semèn nan zòn ‘Florida Reef.’ Dezas sa yo te kreye yon endistri ki t ap fleri nan zòn yo rele ‘Keys’ yo, kote demolisè yo konn fè bon afè nan rekipere bato sa yo ansanm ak kagezon ki gen valè ak manm ekipaj yo.

Anpil dokimantè ak fim kout WLRN disponib sou Entènèt nan <http://video.wlrn.org>.

WLRN-FM 91.3, ki klase antèt nan estasyon NPR nan Florid, sèvi yon publik plis pase 350,000 moun pa semèn, soti Palm Beach rive Key West, nan ofri pwogram tankou *Morning Edition*, *All Things Considered*, ak *A Prairie Home Companion*. WKWM-FM 91.5 se estasyon NPR ki sèvi “Florida Keys”.

Nan misyon ‘WLRN/Miami Herald News’ li deklare “News is Our Future” (Enfòmasyon se Avni Nou). Konsa, WLRN/Miami Herald News se kounye a prensipal motè nan elabore kontni lokal sou WLRN. Pandan sèvis enfòmasyon yo kontinye ap diminye atravè Florid, eta a, WLRN kontinye reprezante estasyon ki bay plis nouvèl nan Sid Florid la.

Nouvèl ak pwogram pale distribitè nasyonal radyo publik NPR, “American Public Media,” “Public Radio International,” radyo endependan WNYC ak “The Public Radio Exchange” fòme nwayo pwogramasyon nou an, men pwodiksyon pa nou yo tankou pwogram *Topical Current*, *The Florida Roundup*, *The Sunshine Economy* ak *Latin America Report* nou an, ansanm ak pwogram mizik vedèt nou yo, *Evening Jazz*, *Folk and Acoustic Music*, ak *The Night Train* soti dirèkteman anndan kominate Sid Florid nou an e y ap sèvi kominate sa a.

WLRN Radio emèt tou nan fòma radyo dijital HD avèk de (2) kouran pwogramasyon: 91.3-1, ki difize nan menm moman avèk pwogramasyon kanal prensipal la, e 91.3-2, ki rele “Classical 24”, ki prezante pwogram mizik klasik. Toude kouran sa yo disponib sou Entènèt nan [www.wlrn.org](http://www.wlrn.org).

WLRN-FM ofri tou youn nan pi gwo Sèvis Lekti sou Radyo nan peyi a – yon sèvis 24 sou 24, 7-jou pa semèn pou rezidan nan Sid Florid la ki gen difikilte pou yo wè.

“Instrumental Television (ITV)” (Televizyon Enstriman) WLRN pwograme e li jere tou rezo televizyon sikui fèmen distri a ki ofri elèv ak pwofesè douz (12) chèn ki gen kontni enstriksyonèl ki aksesib dirèkteman nan salklas la.

Pou plis enfòmasyon konsènan Radyo ak Televizyon Piblik WLRN, silvouplè rele 305-995-1717 oubyen vizite [www.wlrn.org](http://www.wlrn.org).